# МагIаруллай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 2 / 2025

| Юбилей | Инсан | Ясазул годекIан | Театр |
|---|---|---|---|
| *Даимаб лъимерлъиялъул гъасда* | *ЦIилцIазул, уколазул ва поэзиялъул хIакъалъулъ* | *Авлахъал тун, мугIрузде рахъунел магIарулал...* | *Щибаб роль – цIияб гIумру* |



## ТубхIат Зургьалова

*Даимаб лъимерлъиялъул гъасда*

«Женщина Дагестана»
*на аварском языке*
№ 2/2025
*Учредитель:*
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
*Главный редактор*
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
*Редакционная коллегия:*
*заместитель главного редактора*
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
*Ответственный секретарь*
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru
*Редактор русского выпуска*
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
*Редактор аварского выпуска*
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
*Редактор даргинского выпуска*
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru
*Редактор кумыкского выпуска*
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
*Редактор лакского выпуска*
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
*Редактор лезгинского выпуска*
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
*Редактор табасаранского выпуска*
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
*Корреспонденты:*
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов
*Заведующая редакцией*
С. М. Гамзатова
*Художественный редактор*
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
*Адрес редакции и издателя:*
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
*Телефоны редакции:*
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 25.04.2025 г.
Формат бумаги 70 х 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0401. Тираж (4021) 813 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

*Арт-директор* - М. Ю. Моллакаев (MagHazar)
*Фотограф* - Д. А. Джамалова

# *Журналалда руго:*

1. Редакторасул калам
*ХIажат буго бергьенлъи!*

2. Юбилей
*Даимаб лъимерлъиялъул гъасда*

8. Махщалилай
*Нахъаса къотIичIого цIалила ва дирго махщел камил гьабила*

12. Инсан
*ЦIилцIазул, уколазул ва поэзиялъул хIакъалъулъ*

16. Гьал рукIана тIоцIересел
*Пишацояй ракIалде щвезаюн...*

22. Дир Дагъистан
*НекIсиял магIарул рукъзабазул рухI...*

24. Ясазул годекIан
*Авлахъал тун, мугIрузде рахъунел магIарулал...*

27. Лъималазе
*КучIдул*

28. Махщалилай
*ЦIех-рехалъул комитеталда хIалтIул хаслъабазул хIакъалъулъ*

32. ГIагараб ракьалде рокьигун
*КIикъого гъал*

34. Заманцояй
*СалихIат Валиевалъул махщел*

38. РекIел ахIи
*Гьудуласул хIакъалъулъ рагIи*

41. Бергьенлъи босаралдаса 80 сон!
*ВатIаналде къо ккедал...*

42. СВО
*«Спецназалъул эбел»*

46. ЛъикIал гIадамазул гIумру
*ГIумру цадахъ арай*

50. Театр
*Щибаб роль – цIияб гIумру*

54. ЧIагояб тарих
*КвацIи*

*POST scriptum*

58. Призвание
*Профессия – это судьба*

62. Здоровье
*Детские стоматологи – немного актёры и психологи*

На обложках:
I – Тубхат Зургалова – аварская поэтесса
IV– Мушаилов М. Х. (1941–2007). День Победы – встреча с ветеранами республики (1985). Холст, масло.

# ХIажат буго бергъенлъи!



КIиазарилел соназул байбихьуда, Литературияб институталда тIобитIулеб букIараб рагъулаб прозаялъул семиналалда борхун букIана, рагъул хIакъалъулъ литература хIажат бугебищилан, суал. «Узухъда, фашизмалъул вахIшилъи бихьарал чIаго ругогIан мехалъ, искусствоялда ва литератураялда жаниб гьеб тема букIине буго», – ян букIана гьениб аслияб пикру. Вай Аллагь, лъидаха ракIалда букIараб, кватIичIого, гьеб рагъулъ бергьенлъи босаразул наслаби, цIидасан неофашисталгун рагъизе ккезе ругилан ва хасаб рагъулаб операцияги рагьун, нилъер васал гьенир хвезе ругилан.

Дагъистаналъул рагъухъабазул гIорхъи гьечIеб бахIарчилъи – батIияб рахъалъ абизе ресго гьечIо, гьелъ нилъ хIайран гьаруна. АнцIила лъабго Дагъистаналдаса Россиялъул бахIарчи СВОялда – гьеб гIадада гуро. Аллагьасе рецц, гьел цо-цоялниги чIаго рукIиналдаса. ГIемерал чIваралги руго. Киналго лъил рукIаниги лъимал.

Дица гIажаиблъи, гьел героязухъ ялагьун гуребги, гьезул улбузухъ ялагьунги гьабулеб буго – гьел руго Дагъистаналъул бахIарчиял руччаби, бахIарчиял васал гьарурал. Цониги эбелалъ вас рагъуе гьавуларо, вас гьавула ракълилаб, талихIаб гIумруялъе – нилъ ралагьун чIун руге. Нилъее кутакалда хIажат буго бергьенлъи ва бокьун буго гьеб нилъее цIакъго хираго чIечIого букIине.

ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо гуро, исана сон В. Путиница «ВатIан цIунулезул сонлъун» лъазабун букIиналда. Исана нилъеца КIудияб ВатIанияб рагъулъ босараб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубайлъидал кIодо гьабулеб бугеб. Дагъистаналда, Россиялда гьечIо цониги хъизан гьеб вахIшияб рагъул тIири щвечIеб. Анкьго мацIалда кIватIибе биччалеб, хъизаналъего бахъулеб, къанагIатаб журналалъул бетIерай редактор хIисабалда, дие бокьун буго Аллагьасда гьаризе: КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон бараб сон гьаб хасаб рагъулаб операциялдаги Бергьенлъиялъул сонлъун гьабе, ХIалкIолев Аллагь! Биччан те киналго улбуз жидерго васазда къвал базе!



**Хамис Шамилова,**
***бетIерай редактор***



ТубхӀат Зургьалова

# Даимаб лъимерлъиялъул гъасда

***ШигIрабазул бика. КочIол яс. «Рохалил министерство». МагIарул адабияталъул тарихалда, цохIо жиндиего хасаб хатIгун, гвангъараб ва кIочонареб лъалкI толей йигей магIарулай. Миллатги хирияй миллаталъеги хирияй ТIубхIат.***
***Гьадинал берцинал рагIабаздалъун байбихьизе бокьун буго дие нилъерго ТIубхIатил хIакъалъулъ хъвалеб гьаб гьитIинабго макъала.***

– Къасум, киназго еццулей, киназего йокьулей гьай ТубхIатиде цониги кечIго хъвачIищ дуца, гIемерисел шагIирзабазги хъвалел руго гьалде кучIдул. ХIамзатил Расулицагицин кIудияб къимат кьурай дурго хIурулгIиналде абизе рагIабигойищ дуда ратичIел? – илан махсара гьабуна дица гьесие, ТубхIатил гIумруялъул гьудуласе.

– ВахI, унго, дуда жеги рихьичIелищ гьелъ дица жиндие сайгъат гьарурал кучIдул? ТIоцебесеб кечI дица гурищ гьелде хъвараб. Гьеб букIана дир гIумруялъул аслияб кечIлъун ва магIналъун, – илан жаваб кьуна гьес, велъулаго.

БитIун бицани, дун цин божулей йикIинчIо. Цинги ТубхIатица паппкаялъуса къватIире рахъун рачIана Къасумил кучIдул. Гьездасан цоялда цIалана:

*АлхIамдулиллагь, рецц дир Аллагьасе,*
*Гьаб гIумрудул нухда данде мун чIвайдал.*
*Даимаб щукруги БетIергьанасе,*
*Цоцадаги ричIчIун, цадахъ нилъ тедал.*

*Цин – гIатIидаб шагьра, битIараб авлахъ,*
*Гвангъ-гвангъун бакъги щун, къалъараб гIумру,*
*Цинги – сухъмахънухал, бецIлъарал сардал,*
*Буччун тIад накIкIги лъун, бигъараб дунял...*

*ХIалалаб сапаралъ цадахъ ана нилъ,*
*Цоцазул кверал ккун, битIараб нухда.*
*Амма яхI рехичIо, хIал лъазе течIо,*
*ХIалбихьи нилъее букIин бичIчIана.*

*ХIеренаб гурони, калам рагIичIо,*
*Киналго ургъелал тIаде кканиги,*
*Дуца къо рехичIо, къадру цIунана,*
*Рукъалъул тIалабал тIурана кирго.*

*Кидаго сапараз сверулев дунги,*
*Сардал рорчIун рокъой лъималгун мунги,*
*ГIагарлъиялъулго къадру цIунарай*
*Дур бацIцIадаб рекIелъ – кочIол куркьбалги...*

КечI цIалулелъул, дир бадир кенчIана магIил гарал. Щаялиго гьаб нухалда дида цебе чIана шагIиралъул пашманаб сипат. Лъимадул гIадаб бацIцIадаб ракIалъул, гьединабго гьими-релъиялъул, роцIарал пикрабазул шагIиралъ дие жакъаги рагьана каваби доб талихIаб дунялалде – дун гьоболлъухъ щвана ТубхIатихъе – даимаб лъимерлъиялъул хIикматаб гъасде.

ШагIиралъул асаразул хIакъалъулъ гIемер хъвана газетал-журналазда. Гьелъул творчествоялъул хIакъалъулъ гIелмабазул кандидатлъиялъе диссертация цIунана Мадина Зуркъанаевалъ. Гьединлъидал шигIрабазе бакIги цогидал газетал-журналазе



тун, гъира ккана шагIиргун цадахъ гьитIинлъизе, гогьдаризе, елъизе, йохизе.

Гьалеха доб ТубхIатил лъимерлъиялъул хIикматаб улка – гьалъул пикрабигун цолъарал дир пикрабиги роржунел руго магIарухъе, БацIада росулъе, гьитIинай ТубхIат кIудияб шагьаралде тIоритIарал сухъмахъазухъе. ГIедегIулей йиго дун дирго гьудулалъул тIоцебесеб кечI бижараб гъасде, Къасумил кечIалъ гъурал куркьбаздаги рекIун:

*– Амма дида гIадин, лъида мун лъалей, –*
*Лъадарулел къоял, къебелъухъ гIадин.*
*ГIумру къеркьеялде сверарай гьудул,*
*Сверухълъи гвангъизе йижарай гьудул.*

*Дие хиралъараб дур гьумералда*
*Гьими бихьулареб къо дий кIваричIо.*
*Дихъ ралагьун чIарал сабурал берал*
*МагIица чурулеб гIумру дие щай?*

*Дуе хасиятаб рагье чIаголъи –*
*ВатIаналде рокьи, ракIалъулъ иман,*
*РагIулъ бахIарчилъи, миллат хиралъи,*
*Халкъалъе бокьулеб дурго ритIухълъи.*

*Чанги бахIарчиял мугIрул руччаби*
*Мисалалъе дуца рехсана кочIолъ,*
*Дуйго хIажалъидал, хIалай батизе,*
*ХIадурун, бахчараб хазина гIадин.*

*Гьезул гьунаралги, магIарул яхIги,*
*ГIакълуги, намусги, тIадегIанлъиги,*
*ТIадмагIарулалъул къадруяб цIарги*
*ГIумруялъул нухда цIунана дуца...*

*Гьеле дур гIумрудул магIнаги кечIги,*
*Кидаго ракьалда хутIизе бугеб.*
*Гьениб дир гьитIинаб бутIа батани,*
*БетIергьанасе дир щукруги рецци.*

Гьалеха ТубхIатил лъимерлъи жаниб араб мина. Минаялда цебе – росдал годекIан. Гьенибго – ицц. Иццухъе, гIеретIги босун, лъел цIезе къокъуней берцинай гIолилай. Цинги – ТубхIатил творчествоялъулъ щулияб бакI кквезе бугеб цIураб гIертIил сипат бачIана дида цебе. Гьеб гIеретIгун йиго жакъаги ТубхIат миллаталъул тIалабалда ва ургъалида. ЦIураб мугIрул гIеретI – нилъер умумуз гьеб рикIкIунаан битIккеялъул, икъбалалъул, нухбитIиялъул

гIаламатлъун. Гьале ниж рачIиналъухъ ялагьун чIарай ТубхIатил эбел ГIайшат. Гьалъул дарсаз кьурабщинаб гIакъиллъи, нухде бараб тIех гIадин, батана шагIиралда, къисматалъул нухдаги творчествоялъул хIокIаздаса хIокIазде яхунелъулги. ТубхIатил гIумруялъул маржаназул цIалалъулъ бугеб щибаб маржаналда накъищал угьарал эбелалъул дарсаз дунги пана гьаюлей йиго:

Гьабизе бугебщинаб хIалтIиги лъугIизабун, гIодор чIун руго лъабайго яц – ТубхIатги, Аминатги, Хадижатги. ГIайшатие цIакъ бокьулеб букIун гьечIо квенчIелда квералги лъун ясал рихьизе: «ХIалтIи лъугIарабищ, дир ясал? Кинабго гьабурабищха? Лъел цIурабищ?» Гьабунин, цIунин ясаз абидал, цIидасанги гьикъулеб букIун буго, кIал бугеб щинаб жо цIезабурабищилан. Гьабунин жаваб кьедал, «Гьел квенчIелал нужеца кверал лъезе гуро гурдазда ругел, гIодобе лъимги тIун, цIидасанги лъадаре рахъа. Ясал гIодор чIезе рижарал гурелъул», – илан абулеб букIун буго эбелалъ. ГьитIинаб мехалдаго махсара хирияй ТубхIатица, ццим бахъарай эбелгицин гьимизайизе, гьелъие жаваб кьолеб буго, жиндица кверал квенчIелалда лъеларила, хьолбохъан дализе риччалин абун.

Цоги, ГIайшатие бокьулеб букIун буго: «Ясазул, руччабазул рищникъулгицин бацIцIадаб букIине ккола», – йин такрар гьабизе. Цо нухалда вацаз бичIараб цIулги тIаде баччун, гъоркь хутIараб рищни бакIаризе арай ТубхIатида хадуй уна эбел. Ясалъ рищниялъ цIезабураб къандалъоги гIодобе чIехьон, гьелъ рищни-къулалдаса хведер бищун, тIарсинибеги бакIарун, печалъубе базе хIадурула. Гьагъал тIадехун рехсарал рагIабаздалъун ясалъе дарсги кьун, «Дуца чорок гьабизе гуро росдал кьода гьоркь бакI бугеб, екере гьанже гьаб бащдаб къандалъоцин хутIичIеб кьищни добе чIехьезе а», – янги абун тола.

– Гьале гьабцояб рахъалда балъголъабазул цIураб гьитIинабго гъамас. ГьитIинал жал ругеб мехалъ, дир тIахьазул тIанчаздацин гьезул квераз рахъарал горал-мухъалгицин хиралъун, цIунун руго дица. Гьаниб буго дир ясаз дие хъварал гьайбатал асаразул нахърател. Гьалдаса гьуинабги, тIагIамабги, хинабги хъвадариго букIунебдай, – ин абулеб буго ТубхIатица. Гьелъухъа изнуги босун, рагьулеб буго дица школалда цIалулаго ясаз гьелъие хъварал хIикматазул гъутухъ.

«Дунялалдаго бищунго лъикIай нижер бабае, бищунго лъикIаллъун, бабада релълъараллъун лъугьине анищ бугел ясазул рахъалдасан», – илан абурал мухъазго дие цо гIажаибаб асар гьабуна. Унго, гьел кагътал-баркиязулъ дида бихьулеб бугеб ТубхIатил такрарлъи, гьелъул гIадаб рохелги, магIуги, пикрабиги, рекIел бацIцIалъиги! Гьединай шагIиралъул гъасда тарбия щварал ясал батIияллъун лъугьинеги ресги гьечIо. Гьединал руго ТубхIат-бабал хазинаби ГIайшат ва РайхIанат, шагIиралъул эбелалъулги якьадалъулги цIарал цIи гьарурал ясал.

ЛъимадулгIан бацIцIадаб рекIел ТубхIатил хIайранаб гъасда беролел ругел хIенхIазул бищунго гвангъараблъун буго Къасумил рекIел тIиналдасан гьулчун бачIараб гIащикъаб рокьиги:

*Дуе мустахIикъаб тах дихъе щвечIо,*
*ТIад мунги чIезаюн, аскIов вукIине.*
*Дур къадру борцунеб роценги щвечIо,*
*Рецц гьабун, цеве чIун, икрам гьабизе.*

*Кинан букIаниги, дица рекIеда*
*КIалгIа бана нилъер къадруяб рокьуй.*
*Гьеб рокьул къираллъун дир гIумруялда*
*Даимго букIина дур берцинаб цIар.*

*... Щибаб их бачIиндал, бачIуна рохел,*
*РакIалдещвеязул гьуинаб хинлъи.*
*Мун гьаюраб къоги, мун лъараб къоги,*
*Дуда гьеб баркизе гIедегIун дунги.*

ТубхIат Зургьаловалъул «Жергъеналъги», гьелъул сариназе рухIги хIохьелги кьолел Къасумил рекIел пандрил чIчIвабзазги, гIумруялъул «Маржаназул» цIалалъул бищунго гвангъараб кIиго маржаналъги, гьеб киналдего тIадеги «Эбелалъухъ чIвараб чIегIераб кIазалъги», магIарул намусалъул тIогь бекизегIан, хвелго тIаса бищарал АхIулгохIалъул бахIарчиял руччабазул гвангъарал къисабазги, «ГьацIул иццаллъун» шагIиралъе ругел, гIолилаз мисал босизе рекъарал, бацIцIадаб рокьул къатIрабазги, миллаталъул гIисинал вакилзабазул гъанситохъа камизе гьечIеб «Дир гьайбатаб Алипбаялъул» накъищазги, «Баргъичалда» нагIлигIан рекъарал жугьабазги берцинал расенал расунел руго Дагъистаналъулго адабияталъул тарихалда.

***Даимаб лъимерлъиялъул гъасда гьоболлъиги бан, цIидасанги тIадюссуней йиго тахшагьаралде – гIедегIулей йиго ТубхIатихъе, гьелъул гьуинаб тепсиялъухъе. РикIкIадасанго чIвалеб буго, цохIо ТубхIатида гурони гьаризеги лъаларел, гьелъул богогьанлъиялъул хаслъи борцунел «пончиказул» махI…***

***Шамай Хъазанбиева***



*ТӀубхӀат Зургъалова*

** * **

*Заман хисун гьечӀо. нилъ хисун руго,*
*Иман гьечӀел ракӀал цӀикӀкӀунел руго.*
*Хвалил мацӀ нилъеца ургъулеб буго,*
*Ургъалилъ умумул хъахӀлъулел руго.*

*РукӀана мугӀрузда хассал гӀадатал,*
*Хасалил сардазда халатал цӀаял.*
*Авараз рицунел некӀсиял харбал,*
*Херал умумузул хириял гьалбал.*

*Гьоболлъи борхараб бахилаб заман.*
*Гьудуллъи цӀунараб хӀикматаб заман.*
*ГьечӀо. ТӀагӀун ана дол рекӀелгъеял.*
*Гъаримго бихьула росдал годекӀан.*

*Саяхълъиялъ хъамун билана рокьи,*
*Кьолелъухъ балагьун бичана чилъи.*
*Чиякъго ралагьун рихьула мугӀрул:*
*ГӀодосан рильлъине лъугьанин цӀумал.*

*Унго, нилъ кантӀизе кватӀуле гьечӀищ,*
*Ахиралалъул рукъ рекъезе ккани?*
*Как ахӀулеб гьаракь! Гьебги гӀеларищ*
*ГӀумру – лахӀзат букӀин божизе ккани?*

*ГьечӀо, гьудулзаби, замана хисун,*
*Хисун руго нилъго, – Бичасул лагъзал.*

***Щунго яхъинчӀо дун, кватӀана духъе***

*ГӀажаибаб жони батана гӀумру,*
*ГӀажалалъул дарсалъ кантӀизарулеб…*
*Камилай дир ШагӀир, анищай Фазу!*
*Щунго яхъинчӀо дун,*
*кватӀана духъе.*

*Каранда гӀодула диего щвечӀеб,*
*Щвезе рес букӀараб рагӀул гъварилъи,*
*Дур адабтей ккелин аскӀое инчӀеб*
*Дур гӀакълудул иццде дир гӀеретӀ кватӀи.*

*Бихьинчиясда жиб бичӀчӀизе гьечӀеб*
*Чан хаслъи цӀалараб дица дур мухъалъ!*
*Бихьинаб хасият байрахълъун ккурай,*
*ЧанцӀул асирлъарай дун дур къвакӀиялъ!*

*Дур рукъалда цее чанги хьвадана,*
*Дуца квер ботӀрода бахъизе бокьун.*
*Дур нуцӀа рагьизе чанги гьесана,*
*Гьересигун жахӀда дидаги батун.*

*…Гьедин дир сухъмахъалъ чанги цӀехараб*
*Яхинего щвечӀо дур шагьраялде.*
*Амма дуда хадуй унейго-уней*
*Дица дур кечӀ чанги къана каранде.*

*Фазуйин цӀар бугеб мегӀер гӀадинай*
*Духъе нахъойги дун гӀедегӀун йиго.*
*Дуца ахӀидалги аскӀое щвечӀей*
*ЯчӀун йиго жакъа.*
*Амма мун гьечӀо…*

*Изну хӀажалъичӀо мун тӀойитӀизе…*
*ТӀубачӀеб дур анищ тӀубазе щвезе,*
*Эбелалъул рухӀи бихьун лъалей дун*
*Дуе щвечӀей яслъун хадуй гӀодизе!*

*Дурго васал гӀадин, дурго рукъ гӀадин,*
*Дагъистан гъуждузда баччарай ШагӀир!*
*ШагӀир уней йигин ана дур мали…*
*Эбел щолей йигин ватила ГӀали…*

***РакӀгъураб рокьул кечӀ***

*Рос вищизе дие ихтияр кьуни,*
*Малла Насрудинго вокьилаан дий,*
*ВукӀаниги щиб эв мискинав пакъир,*
*Панкъазищ борцунеб рекӀел гӀатӀилъи.*

*ХӀамида гӀурччинал цӀоробералгун*
*Гьев вачӀунеб мехалъ их тӀегьалаан,*
*ТӀех тӀаде хӀуларараб куракул лъимгун*
*Лъадуца гьимигун гьев дандчӀвалаан.*

*Гьав дир гьудуласда хадубго ракӀгун,*
*Цин рекӀун, цин воржун унесда хӀинкъ-ун,*
*Гьадин туризегӀан, туртида кӀусун,*
*Насрудингун ракӀгъун йикӀинаан дун.*

*Дидаго релълъарав рос щварай дирги,*
*Жиндаго рекъарай лъади досулги –*
*Рукъ мискинлъаниги, ракӀал бечедаб*
*Дунял букӀинаан, анекдот гӀадаб.*

*Адинги додинги сун уна гӀумру,*
*…Сунда рекӀаниги – цохӀо ахирги.*
*Амма цо-цо мехалъ макьилъ вихьула*
*Малла Нусрудинги, дунги…хӀамаги.*

# Мажидова
# Махружат



# НахъаÑа къотIичIого цIалила ва дирго махщел камил гьабила

***Махружат МухIамадовна дида лъалаан Хунзахъ районалъул больницаялда неврологлъун хIалтIулеб мехалдаса нахъего. Тохтурзабазда гъорлъ бищун дирго рекIее асар гьабулеб – унтараздехун гурхIел-цIобалъулаб бербалагьи загьирлъана дие маргьудалъа ячIарай хIеренай бика гIадай, гьитIинабго лагаялъул, рагьараб гьумералъул, берцинай яс йихьидал. Гьелъ щибаб палатаялъуе жиндирго унтаразухъе яккун недегьаб гьимигун цIехолеб букIана гьезул ахIвал-хIал, жиндаса хIажатаб кумек.***

2024 соналъул ахиралда, вацгIаласе инсульт ккун, лъикIал тохтурзаби-неврологал рехсолаго, «ХъахIаб» рокъой хIалтIулей яцалъул ясалъ дида цебе сияхI лъуна, гьалейин унтаразул хъвай-хъвагIаяздасан ва разилъи загьир гьабурал каламаздасан гIуцIараб «ПроДокторов» сайталъул баяналан. Гьанире гьоркьоре ккечIел, унтаразул цIикIкIунисеб къадаралъ жидедаса разилъи загьир гьабичIел, нижеда лъалел ратарал махщалилалги гьелъ хIазего хIачIо.

Кинаб рекIел чIухIиги рохелгиха дир букIараб лъабго соналъго тIатIала доб лъикIазул сияхIалда тIоцебесеб цIар дой цеехун рехсарай «моцI гIадинай» (гьеб магIна буго персазул мацIалда «Махружат» цIаралъул) тохтуралъул батидал.

Мажидова Махружат МухIамадовна ккола тохтур – невролог-вертебролог – рефлексотерапевт – физиотерапевт.

Гьаюна Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ тохтурзабазул хъизамалда. Эмен МухIамад ХIажиевич- медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор, Дагъистаналъул медицинаялъул университеталъул преподаватель. Эбел Мисай 25 соналдасаги цIикIкIун мехалъ хIалтIана Республикаялъул онкологиялъул диспансералъул реанимациялъул отделениялда медсестралъун. Махружатил яц ХIапизатги йиго районалда цIар бугей лъималазул тохтур. 1996-2002 соназ ДГМАлъул «Сахлъизариялъул иш» факультетги лъугIун, Махружат цIалана терапиялъе интернатураялда, цинги – неврологиялъе ва физи-



отерапиялъе. Москваялда цӀалун яхъана рефлексотерапиялъеги. 2003-2020 соназ хӀалтӀана Хунзахъ районалъул больницаялда невро-логлъун.

ГъабсагӀат хӀалтӀилей йиго МахӀачхъалаялда «Акрополь» медицинаялъул централда.

***– Махружат, кинал унтаби гӀемерлъун ругел жакъа дагъистаниязда гьоркьор? Кинал гӀузрабигун духъе рачӀунел?***

– Жакъа къоялда гӀемерлъун руго рукьбузулгун рищалабазул унтаби: остеохондроз, грыжаби, артритал, артрозал, неврозал, паникаялъулал гьужумал…

Гьел раккиялъе гӀиллабилъун ратулел руго халатрахъарал стрессал, гормоналиял хиса-басиял, витаминал гӀунгутӀи, гиподинамия, физическияб хӀалщвей.

Дица хӀаракат бахъула щивав инсанасул унти баккиялъе гӀиллабиги лъазарун, гьесул рухӀияб, жанисеб рахъалде нухги бахъун щивасе данде ккараб рекъараб дару-сабаб гьабизе.

***– Дур махщалилаб кредо кинаб бугеб, щив дуе хӀалтӀулъ мисал?***

– Дица дидаго кидаго цебе лъураб ахӀи ккола – нахъаса къотӀичӀого цӀализе ва дирго махщел камил гьабизе. ХӀалтӀулъ мисалги дие эмен вуго: гьес бищун цебе тӀоритӀана Дагъистаналда ракалъ унтаразе операциял, гӀемер чиясул гӀумруги хвасар гьабуна. Чанго соналдасанги гьесие баркала-кириялда рукӀуна унтарал, гьес жидерго гӀумру бигьа гьабуралъухъ.

***– Дурго хӀалтӀулъ рукӀаниш пациентазул ракӀалдаса унарел лъугьа-бахъинал, унтаразул кейсал?***

– Цо нухалда дихъе ячIана 42 сон барай чIужугIадан жий кидаго бетIер унтун, кьижизе кIоларого, рахIат хун йикIунилан. Гьелде тIадеги рагIи рагIуларого лъугьанила. Щуго соналъ гьелщинал гIузрабиги хIехьон, тохтурзабазухъе инчIого чIарай гIечIого, гьелъие бокьун букIана хехгого дарабиги хъван, дица гьей магIарухъе, рокъое йиччазе. Дие рекIее гIечIо гьелъул унтул хасиятал ва дица гьей обследование гьабизе йитIана. РекIекълъиялъе, гIадалнахуда бижараб жо батана гьелъул ва байбихьул стадиялдаго сах гьайизелъун нижеца гьей онкодиспансералде йитIана.

Цойги 9 сон барав васги вачун ячIана цо эбел. Гьесул кидаго мугъ унтулеб букIун буго, хал гьабидал, мугъзал гьодазда гьоркьосеб грыжа батана.

ГьабсагIат унтаби гIемерлъун, «гIолохъанлъун» руго, бокьилаан дагъистанияз, нахъ тIамун течIого, ригьдаго жидерго сахлъиялъул тIалаб гьабулебани. Ахиралде щведал, захIмалъула гIузру сах гьабизе. Дица ватIанцоязе щулияб сахлъи гьарула, нагагьлъун унтани, ниж, тохтурзабазухъеги гIедегIе.

*–Махружат, захIмат гьечIищ дуцаго лъабго вас (гьезда гьоркьов цояв гьавуралдасаго унтаравги-авт.) гIезавизеги цадахъго гьеб захIматаб тохтурлъиялъулаб хIалтIи бачинеги?*

–Рецц Аллагьасе буго, сундулъго кумек гьабулев. Дир мурад букIуна унтарал дида аскIоса разиго, цодагьабгIаги унтуе бигьалъи щун нахъе ин. ГIемераб гIарац щвеялъулъ гуро талихI бугеб, инсаниятальe пайдаяйлъун, дирго инсул гIадин унтараз адаб гьабулейлъун ятиялъулъ буго. Баркула дагъистаниязда тIаде щолеб цIияб сон, дагьлъаги унтаби, цIикIкIаги рохел щивасул рокъоб.

–Дуеги батаги 2025 абилеб баракатаблъун.



***Гьадинай гIадатайги, жиндирго хIалтIи бокьулейги яс йиго Мажидовазул тохтурзабазул хъизамалдаса цойги унго-унгояй махщалилай Махружат МухIамадовна Мажидова. Жеги гIемерлъаги, дудаса разиял пациенталги, «ПроДокторов» сайталъе гурелги щолел премиялгун цIаралги!***

***Мун гьезие мустахIикъай йикIиналда ниж божула!***

***Фатима МухIамадова,***
***Хунзахъ районалъул***
***«Росдал захIматчи»газеталъул***
***бетIерай редактор***

# Расмия Кахриманова



# ЦӀилцӀазул, уколазул ва поэзиялъул хӀакъалъулъ

***Уъ, капустаялъулги ханасулги хӀакъалъулъни рагӀун букӀун батизеги бегьулин, цӀилцӀалгӀаги кир рукӀарал? Кинал уколал? Поэзияги кисан баккараб? Гьаниб лъугьунеб-бахъунеб щиб?***
***Щибго гӀажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечӀо. Жакъасей нилъер героиня, Табасаран районалъул Гухраг росулъа Расмия Кахриманова ккола шагӀир, медсестра ва лъабго гьитӀинав васасдасан гӀуцӀараб «гьитӀинаб футболалъул командаялъул тренер», зама-заманалдаса, цаби чурейилан, квачан бугин, тӀаргъал лъейилан, кодобе щвараб жоялдалъул (гӀемерисеб мехалъ цӀилицӀ) гьезие хӀинкъаби кьезе кколей. КватӀичӀого Расмиял кучӀдузул тӀехь бачӀунеб буго къватӀибе. ГӀолохъанай шагӀиралъ жиндирго гӀумрудул кӀвар бугел рахъазул бицана нилъер журналалъе.***

***ГӀицӀго табасаран мацӀалда!***

ТӀоцебе кечӀ дихъе бачӀана пастӀаний тирулаго. Эбелалъ йитӀун йикӀана гъаран бетӀизе – юссана цо-кӀиго кечӀгун. Гъаранги кӀочон течӀо – гурони эбелалъ щвезабулаан. Эбелалъе гьедигӀан рекӀее гӀолеб букӀинчӀо дир шигӀруялде бугеб рокьи, цодагьаб гӀарац щолеб гӀадаб иш дица тӀаса бищизе бокьун букӀана гьелъие. Диейилан абуни, харилъ гарцӀазул хъвазе бокьун букӀана. Яги зодир цӀвабзазул. Бабал хӀакъалъулъгиха. Хасго бабал хӀакъалъулъ. Гьудулзабигун йикӀун, дун рокъое кватӀунилан, яги юргъаналда гъоркь фонаргун рогьинегӀан тӀехьги цӀалун, дарсазда кьижунилан гьей семиялъул гуро. Гьелъул берцинаб релъиялъул ва недегьал кверазул хӀакъалъулъ.

Дица дирго гьудулзабазда рихьулаан кучӀдул, гьезие рокьулаан. Эбелалда рихьулаан, гьелъ: «Цо кинаб букӀаниги пайдаяб иш гьабе», – йилан абулаан. БичӀчӀизабеха лъимералда, кинаб букӀунеб гьеб кидаго чӀамучӀаб «пайдаяб иш», гьабизе бокьараб цогидаб ишги рехон тун.

Цо нухалъ дун, мустахӀикъал шагӀирзабиги гъорлъ гӀахьаллъараб, районалъул конкурсалда бергьунцин йикӀана. 1 бакӀ. 6000 гъурущ гӀарацгицин кьуна. Дие кӀудияб гӀарац! БичӀчӀулеб жо гьечӀищха – капек хутӀичӀого кьуна тӀахьазухъ. Гьелдаса нахъе ана гӀемерал сонал. Дир кучӀдул рахъана цадахъал тӀахьазда, дирго тӀехьги хӀадурулеб буго къватӀибе бачӀине, амма дида цониги нухалъ ракӀалде ккечӀо: «Расмия, вай дур махщалил кутак! Табасараналдаса Ахматова», – йилан. Цо-цо табасараназул шагӀирзабаз дида: «Вореги мун лъалхъуге, хъвадаре», – йилан абула. «ЧӀанда буго гьеб дуца хъвалеб жо», – йилан абизе нечон рукӀунел ратизеги бегьула.

РакӀчӀун абизе кӀола, дие захӀмат букӀуна дирго кучӀдул гӀурус мацӀалда ричӀчӀизе. Гьей таржамачӀужуялъе кӀудияб баркала буго, амма дир кучӀдул цӀакъго табасараналлъун руго. ГӀурусалдеги тӀад кӀалъаларедухъ руссинарун руго, амма цо цӀам-пер гӀоларого гӀадин рукӀуна. Гьединлъидал дица цо чанго кечӀ гурони гӀурусалде буссинабизего

кьечIо. ЦIалулел дагьлъулеллъиги лъала, Расмия Кахримановалъул кечI цIализейилан, табасаран мацI лъазабулев чи вукIинищха. Гьабизе кIолеб жоги гьечIо. Дица лъицениги цIализейиланго хъваларо кечI. Щиб цIияб жоха дица дунялалда бицинеб, рокьул, хъизаналъул, инсаниятальул хIакъалъулъ – гьел руго дир темаби. КъваригIани, гIемерисез, дир мухъал гьечIониги, гьел суалазулъ нухал ратила. Дица хъвала цо кинабалиго гьодорлъи дирго рекIелъ лъугьинчIого букIине.

## *«Кумек гьабизе къеркьана. БажаричIо»*

Дица гIадамал кьижизарула, гьелъухъ харжги щола. Гьединги абизе бегьула дун медсестра-анестезиолог йигилан абизе. БитIараб бицани, дие цIакъ бокьун букIинчIо медиклъун яхъине. Гьанже эбелалъе баркалаялда йиго. Гьелъ, дир дандечIеялъухъ балагьичIого, журналистлъунги йиччачIого, дун медицинаялъул институталде йитIана. ТIоцебесеб курсалда теориялги чIалгIун йикIарай дие, практика байбихьидал, цIакъ рекIее гIуна гIадамазе кумек гьабизе бажари. ТIоцебесеб укол катастрофаялде свераниги. Нижеда абун букIана, унтаразе практикантаз уколал гьаризе бокьуларила, гьезие бищун лъикIав врач яги главрач къваригIун вукIунилан. Гьединлъидалила, палатаялда жание ине кколила мун уколазул спорталъул мастер йигей гIадин. Йилъанаха дунги, тIоцевесев унтарасухъе. Палатаялда жаниеги лъугьун: «Щив гьанив ГIалиев?» – илан гьикъана. Одеялалда гъоркьан загIипабго: «Дун», – илан гьаракь рагIана. ЦIакъго дидаго божарай специалисталъул образалда аскIоеги ячIун, дица цIан бахъана тIаса юргъан. Вугоха эбелалъ гьавухъе вегун! Гьев пакъир гьеб лахIзаталъ операцияги гьабун вачIун вукIун вуго. Цо кIудияб гьаракьги гьабун, дун, гулла гIадин, палатаялъуса къватIие кIанцIана. ТIаде жоцин бачинчIого гьевги тун. Лъабго къоялдасан коридоралъув дандчIвана – чIинкьа-кIитIун вугоан. Дида бер чIвайдал, велъулаго: «Мун тIокIай ячIинчIо гури дихъе», – йилан абуна. «Дица тIокIаб хIетIе чIезе гьечIо нужер палатаялъубе», – йиланги абун, дунги цееса тIурана. Гьеб практика лъугIизегIан дица руччабазе гурони уколал гьаричIо.

Руго хIалтIуда хурхарал къваридал ракIалдещвеялги. Пандемиялъул заманаялъ дун багIараб зонаялда йикIана. Кьиямасеб къо чIараб хIисаб букIана. Гьеб унтуда гьабилебги лъалеб букIинчIо. Унтаразе кумекги кидаго гуро гьабун бажарулеб букIараб... ГIемерисел нижгоги унтун рукIана... Коронавирусалъ гIадамазул пикруго хисизабулеб букIана, гьел гIумруялъе гIоло къеркьолелго рукIинчIо. Дунгоги унтана захIматаб хIалалъ. Заведующиясда гьарана: «Дун гьеб ИВЛ аппаратадда лъоге, парахат хвезе те», – йилан. Гьев диде ахIдана: «Хвезе дица мун тезе гьечIо», – йилан. Мадар лъугьана, амма хадусеб лъагIелалъги депрессиялъ кIвекIана. Пандемия лъугIизегIан хъизан-лъималаздаги йикIана цIакъ хIинкъун. Амма цо-цо унтарал, дица пикрабалъ къо-мех-лъикI гьабуралгицин, мадарги лъугьун, рахъине байбихьарабго, «гьаб балагь тIаса ина», – йилан божилъиги кунчIулеб букIана. Хьул буго тIокIалъ киданиги нилъ гьединаб балагьалда дандчIваларилан. ЦIакъ захIмат букIана бихьизе ахирисеб нухалъ гIадамаз берал къанщулел. Щибав унтарав хведал, дун гIодулаан. Дида абулеб букIана: «Ругьунлъула. ГIолохъанал хвелалгицин щибго гьечIого къабул гьаруледухъ», – илан. Дун ругьунлъичIо...

## *«Баба, вухизе вугищ? Дица мун гIодое йиччазе гьечIо»*

Дие цIакъ бокьула дирго табасаран мацI. Амма росасе ана батIияб мил-



латалъул чиясе. Гьев азербайджанав вуго. Рокъор лъималаз бицунеб буго ажербайджан ва гӀурус мацӀ. Дир рахьдал мацӀ лъалеб гьечӀо. Дицагогицин лъазабизе ккана, зама-заманалдасан лъимал гьеб азербайджан мацӀ бицине лъугьунел рукӀун ва дида щиб ургъулел гьел сихӀирал ханал ругелали бичӀчӀулеб букӀинчӀого. Гьанже дида кинабго бичӀчӀула, амма кӀалъазе захӀмат букӀуна. Лъималги релъула: «Бокьараб мацӀ бице, баба, гӀицӀго гьеб бицунге», – йилан.

Дир вуго лъабго вас. КӀудиясе 16, гьоркьохъесе 12, бищун гьитӀинасе кӀиго лъагӀелгун бащдаб буго. Гьел кучӀдул хъвазе гӀедегӀулел гьечӀо. ТӀоцебесев васасе кикбоксинг бокьула, кӀиабилесе футбол, лъабабилевин абуни, жиндирго ригьалда рекъон, нижее цӀакъ рекӀее гӀолеб гьалмагъир гьабулев вукӀуна.

Дие васалгун щибго захӀмалъи гьечӀо. Рос органазда хӀалтӀулев вукӀиналъ, гьабсагӀат Ростовалда вуго. ВачӀуна цо-цо рокъове щвезеги. Эмен къанагӀат гурони вихьуларелъул ратила, лъимал дида рекӀарал руго. Дица цӀакъ къимат гьабула гьезул дидехун бугеб божилъиялъулги. КӀудияв васгун, гьесие рекӀее гӀурай ясалъе, сайгъатгицин нижеца цадахъ тӀаса бищула. Цо нухалъ росас абуна «Гьединай тамахай йикӀине бегьуларо эбел. Дуца гьел ботӀроде рахине тун руго», – йилан. КӀудияв васасда цо кинабалиго гӀайиб ккун букӀана. Росас абуна: «ЦӀилцӀица вухе. Видеоги бахъе, дида бихьизе унгоги дуца гьев вухаравлъи», – йилан. Йилълъанаха дунги, босун цӀилицӀигун. Васас, цӀилицӀги кодоса бахъун, къочизеги къочун, дун жиндирго гъежде рехана. Спортсменлъидалха! «Баба, вухизе вугищ? Дица мун гӀодое йиччазе гьечӀо!» – йилан. Кинха гьев вухилев? Вуссиндал росас гьабилеб – гьеб гьезул иш буго. Гьесул жиндирго методика, дир – дирго. Эмен цӀакъго кьварарав вугони – дир рос гьеле гьединав вуго – эбел йикӀине ккола хӀеренай, тамахай. Гьедин ругоха, васазе тарбия кьолел, балансги цӀунун.

***Руслан Бакъидов***

# Пишацояй ракIалде щвезаюн...



Умукурсюн Арзулумовна Мантаевагун дир лъай-хъвай ккана 1977 соналъго. Дун «МагIарулай» журналалде хIалтIизе ячIараб мехалъ, гьей йикIана лъарагI мацIалда унеб басмаялъул редакторлъун. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул жавабияв секретарьлъун вукIарав инсуца дун гIемер ячунаан театразул церелъеязде. МацIго бичIчIичIониги, машгъурал Барият Мурадовалъул, Саният Мурадовалъул, А.Акмурзаевалъул, ГIамира Къурбановалъул, Д.Джетерел, Инесса Курумовалъул, Айгум Айгумовасул церерахъиназ кIудияб асар гьабулаан дие. Театралда дида йихьизаюна гьитIинабго лагаялъул, канчIал беразул, кIур-кIургIараб берцинаб расалъул чIужугIадан. Гьей дида кIалъана сабуралда, амма берал гьелъул гьимулел рукIана. Жийгоги йикIана гьей ракIалъ йосилей гIадай инсан. Гьей йикIана Умукурсюн Арзулумовна. Дир вацазул гьелъул васазулгун гьудулллъи букIун буго, гьелъул ясалъулгун лъай-хъвай ккедал дирги халатрахъана гьелъулгун хинал гьоркьорлъаби.

Редакциялда хIалтIизе байбихьидал, дица къимат кьуна гьелъул редакторлъиялъул, хъвадарухъанлъиялъул махщалиеги, цIикIкIарай гьалмагъ хIисабалда насихIатазегун малъа-хъваязеги.

2024 соналъ 100 сон тIубана Дагъистаналъул Халкъияй шагIир Умукурсюн Арзулумовна Мантаева гьаюралдаса.

Умукурсюн Мантаева гьаюна Хасавюрт районалъул Эндирей росулъ интеллигентазул хъизамалда. Гьезул рукIана щуго яс ва кIиго вас.

Рагъ байбихьараб мехалъ цойгидаздего гIадин Давутовазул талихIаб хъизамалдеги рещтIана рикIкIен гIемерал къварилъаби: васал ана, жал нахърусине хъван батичIеб, фронталде, хъизам биххана, хутIарал руччаби тIадруссана росулъе. Умукурсюнил эбел лъимер гьабулаго хвезеги хун, гьай хьихьана кIодоэбелалъ. Гьалъ эменлъун рикIкIунев вукIарав ватана гьалъул кIудияв эмен. Рагъ лъугIун хадуб лъана ясалда гьалъул эмен Арзулум «халкъалъул тушман» хIисабалда туснахъалда хвараблъи. КIодоэбелалъ кьуна гьай рагъдаса вуссарав Арсланги Мантаевасе росасеги, фамилия хисидалгIаги доб «халкъалъул тушманасул яс»илан чIвараб цIаргIаги бахъилилан.

Рагъдаса хадуб АрсланггIалица лъугIана областалъул партийнияб школа ва гьев вищана райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун, хадув витIана Москваялда хIалтIизе.

АрсланггIали ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул Пред-

седательлъун вищидал, гьал руссана МахӀачхъалаялде. Гьебго заманалда Умукурсюница лъугӀизабуна педагогикияб институталъул филологияб факультетги. Гьанжениги кинабго битӀа-бишанин ракӀалде ккедал, гьезул хъизамалде рещтӀана цоги къварилъи.

ГӀумруялда гӀемерго ккола квана-гьекъолелъуб гьудулзабазул сверулъ ракӀ рагьун бицараб нилъедаго данде багъулеб. АрсланглӀалиеги гьединго ккана. Гьасулъ жахӀдаялъ гъанкъулев вукӀарав гьасул «гьудуласги» гьабуна жиндирго хӀалихьатаб иш.

АрсланглӀали къватӀул харбазда божичӀо. Гьас лъадудацин абулаан: «Кин дуда кӀолеб гьединал харбазда божизе? Дир гӀумру халкъалда цебе хъатиниб лъун ана. Дун гӀуна интернаталда, цӀалана училищеялда, хӀалтӀана учительлъун, районолъун, анцӀго соналъ гӀахьаллъана финазул ва ВатӀанияб рагъазулъ, чанго нухалъ лъукъана, щвана шапакъатал...».

КватӀичӀого гьев, хӀисабалъул карточкаялда выговорги хъван, эркен гьавула республикаялъул Верховный Советалъул Президиумалъул Председателасул хъулухъалдаса. АрсланглӀалиде гӀайиб гӀунтӀизабула гьесул лъади «халкъалъул тушманасул» яс йикӀиналъул, гьесул инсул батӀи-батӀиял бакӀазда ракьал, боцӀи, кӀиго чӀужу рукӀиналъул, рагъда чӀварав гьудуласул эбелилан гьес рокъойги «халкъалъул тушман»хьихьун йикӀиналъул (Гьей чӀужугӀаданалдасан хъвараб буго У. Мантаевалъул «Горо-цӀад баледе цебе»къисаялда йигей гӀаданалъул образ).

У. А. Мантаева Чирюрталда гӀумру гьабун йигеб мехалъ, цо цӀадалаб къоялъ хӀалтӀудаса ячӀунаго, гьалда йихьула хашго ретӀа-къарай гӀурусай. Умукурсюница гьелъие гӀарац кьезехъин букӀана, амма кӀвечӀого, хӀалицаго йилъуней гьей гъарим гьалъ кванazaйизе рокъое ячуна. Дур гӀумруялъе жиндасан квал-квал бокьун гьечӀин нахъе ине гӀедегӀун йикӀуна гьоболги.

Квартира кигӀан гьитӀинаб букӀаниги, Умукурсюница гьей нахъе йиччаларо, ва АрсланглӀалил фронталда чӀварав гьудуласул эбел йигиланги абун жидедаго аскӀой гӀумру гьабун тола.



ЧӀужугӀаданалда цӀар Полина Семёновна букӀана, жийгоги гьей гимназияги лъугӀун музыкалияб лъай бугей гӀадан йикӀана. Репрессиязде гъоркьеги ккун анцӀго соналъ туснахъги гьаюна гьей кватӀун....

МахӀачхъалаялдаса АрсланглӀали Мантаев Хасавюрталде росдал магӀишаталъул школалъул директорлъун витӀула, шагьаралда букӀараб квартираги бахъун, хъизамги къватӀибе рехун...

Гьабизе жо тӀагӀарай Умукурсюнида ракӀалде ккола республикаялъул Обкомалъул тӀоцевесев секретарь ГӀ. А. Данияловгун дандчӀвазе. Жиндирго лъимал больницаялда, пачалихъиял экзаменал кьезе рукӀиналъул досда ургъел бикьидал, гьазие кьола кӀиго рукъалъулаб квартира. «Дида бичӀчӀуларо, щай жиндаса киналго тӀаде гӀунтӀизарурал гӀайибал рахъарав Верховный Советалъул Президиумалъул председатель сельхозшколалъул директорлъун витӀизе кколевали...»-ян

гьелъ Данияловасе суал кьедал, ритIухълъи бергьуна-АрслангIали тIамуна просвещениялъул министрасул заместительлъун.

ЦIанбитIараблъун букIинчIо жийго Умукурсюнил творческияб нухги. Гьелда дандчIвана чанги захIмалъаби-ракIбуссинал. У. Мантаевалъул тIоцересел харбалги очеркалги рахъана 1957 соналъ «Ленинил нух», «Дагестанская правда» газетазда, лъарагI мацIалда унеб « Гьудуллъи» литературияб альманахалда.

1958 соналъ гьей тIамуна лъарагI мацIалда унеб «МагIарулай» журналалъул редакторлъун. Гьениб тIубанго рагьана гьелъул журналистлъиялъул ва хъвадарухъанлъиялъул махщел.

1964 соналъ къватIибе ана гьелъул лъималазе харбазул «Игзал» ан цIар тараб тIоцебесеб тIехь, хадур къватIире рачIана: « Хехаб ахIи», «Пикраби», «ТIоцебесеб их», « Ракьул пущтIур», «Дир гIел» тIахьал. У. Мантаева ккола «Росулъа яс», «ЦIваби», «Къисмат», Намус», «ГIечул ахал» Авар, ЛъарагI, ГIурустеатразда лъурал гIемерактазулал пьесабазул авторги. «Искусство»издательствоялда къватIибе бачIана гьелъул цоакталъулал пьесабазул сборникги.

Умукурсюнил ахирисел тIахьазул цояблъун лъугьана, художествениял асаразда цадахъ гьелъул жиндирго жанисеб дунялалъул,захIматаб къисматалъул бицараб автобиографиялъулаб очерк жанибе бачараб « Арал соназул кунчIи» абураб тIехь (2010).

***Ажа ГIабдурахIманова***

***Умукурсун Мантаева***

# ЧваххунцIадалда цебе сордо

*(романалдаса бутIа)*

–… Цодагьаб гъоркьеги чIвани, горде хIадурун букIина. Рохалие ретIине хъван батаги, дир яс, – ан абуна Полина Семеновналъ.

– Дида рекъон гьечIищха? Бугеб берцинаб! Баркала, Семеновна.

– Дуца бицунеб щиб, дир яс. Дуе баркала мун йигелъухъ, дир цого-цо гIагарай инсан.

– … Дунги ГIумарги данделъана рагъ лъугIун тIоцересел моцIаз. Нижер бертин букIана кечI-бакъан ва ихтилат-кеп гьечIеб, – ян байбихьана Санияца жиндирго хабар, гордеги ретIунаго. – Дол соназ рохалида цадахъ гIадамазул ракIазулъ паракъат букIана унтиги. РукIинчIо я баргъичал, я бахIаралъул гурдал. КIиялго рагъулал гимнастеркабазда гъорлъ: погонал, рагъулал шапакъатал ва ругънал. Я умумуз, я гIагараз гьикъулароан: «Щиб бугеб нужер, сунде гIумру гьабизе бугеб?» – ан. «ЧIаго руссинги, Аллагьасе рецц», – ян толаан.

Циндаго рагIана машинаялъул сигнал. Сания гордухъанги яккун:

– Вай, ГIумар вачIана! – ян йохана. Полина Семеновна гьимана. – ДандчIвай хехго росасда!

– Кий йигей дир лъади? Вай, дур берцинлъиго щиб! – илан махсараби гьаруна ГIумарица, данде екерун ячIарай Санияе.

– Рекъон гьечIищха дида?! – ян сверана Сания, елъулаго. – Диеги цIакъ бокьана.

Лъадуда къвалги бан, ГIумарица абуна:

– Мун дир бищун берцинай йиго. Дун инчIогогIагийищ чIелев? Дун цевеса ани – мун хъамила гурищ?

– Кинаб сапаралъул дуца бицунеб, ГIумар МухIамадович, мун киве инехъин? – ан гьикъана Санияца, гьесул бер-



цинал рагIабаз гьабураб рохалил асарги бахчичIого.

– Дур рос райисполкомалъул председательлъун батIияб районалде витIулев вуго.

– Бихьулищ-цо, баркулаха, гьалмагъ Забитов. ТIадехун унев вугоха! РагIи кье, район сверулаго, ниж кIочон теларилан. Дида лъалелъул, дур тIоцебесеб иргаялда хIалтIи букIунеблъи.

– Дуцаго вищана гьадинав. Доба берцинлъи – рохьал, цIулакьодал гъутIби, рацIцIадал хIорал.

– ЦIулакьодал гъутIби, рохьал, хIорал?! Тамашалъи!

– Дие цоги икъбал ккана, дова хIалбихьи бугев тIоцевесев секретарь Мухтар Садикъович Мухтаров вукIиналъулги.

ГIумарида бичIчIана, тIоцевесев секретарасул цIар бахъидал, Саниял хIал хисараблъи…

* * *

Райкомалъул тIоцевесев секретарь Мухтаровас ккун букIана, жин-

да жаниб кинабго сабуралда ва гIадаталда лъураб, кIудияб кабинет: гьале стол, столалда тIад телефон, къадада Сталинил сурат. Забитов тIамураб районалъулгун лъай-хъвай гьабун лъугIулаго, Мухтаровас хIасил гьабуна:

– Нилъее къваригIун руго ишалъулал, жигарал ва лъай бугел кадрал. Дуца кинал частазда доб хъулухъ гьабураб? – ан гьикъана циндаго Мухтаровас. – Политработниклъун гурищ вукIарав? Гьеб лъикI буго. Заманалдасан мун лъугьине ккола дир кваранаб кверлъун.

– Гьалмагъ Мухтаров, дуца кIодо гьабулеб буго дир бажари. КвегIаб кверальулав ватиялда хIинкъи буго, къунщбузда расги хъахIлъун буго.

– Ватизеги бегьула, – ян велъанхъана Мухтаров. Хадуб тIаде жубана: – Нилъ цадахъ хIалтIизе ккола. Райкомалъул тIоцевесев секретарь хIисабалда, лъазабун тела, инициативаялъул кидаго рахъ кквела, амма бокьухъе хьвадизе теларо. Дур хъизан бугищ?

– Буго, чIужуги васги. Дунго рекъон ккедал – рачина. ЧIужуялъул хIалтIул бицани...

– ХIалтIи букIинабила, щиб махщалил чIужу гьей?

– Тохтур йиго, маххул нухазул больницаялда хIалтIулей.

– Тохтурзаби нилъее хIажат руго, районалъул больницаялъул бетIерав тохтур гьечIо гьабсагIат.

– Сания лъикIай тохтурлъун рикIкIунаха, амма гьедигIан жавабияб хъулухъ бажариладай гьелъухъа?

Гьункьун тIадеги вахъун, Мухтаров гIажаибго валагьун чIана ГIумарихъ:

– Щибилая дур лъадуда цIар?

– Сания Арслановна, – ян гьимана ГIумар. – Дун инин, Мухтар Садикъович.

Халатккун гьесда хадув валагьун хутIана Мухтаров: «Сания – гьасул лъади! Бихьулищ-цо!»

...Рагьараб гордухъан рагIулеб букIана аргъаналъул ва къолол гьаракь, Мухтаровасе гьелъул сан букIинчIо. Гьав пикрабаз вачана аралде. Гьале гьасул инсуца, азбарги тирулаго, буюрухъал кьолел:

– ГIали, кив вугев мун? Балагье, чогърол къалал мекъи ккезе гурин, гьитIинаб бочкаялъуса – хIакимзабазе... Руччаби, рухсун! Пулав, бежараб гьан, чагъир столалде бачче. БахIаралда хадур чагIиги анин, гьав дур вас кив вугев? – ан хичана Садикъ чIужуялдехун.

– ГIададисеб хIалтIи буго дуца гьабулеб, кин бичIчIулареб дица бицунеб, дурго васас абулеб...

– КIал къай, чIужу, ничгьечI вуго дур вас. Жиндица йокьулей яс гурого ячунарила. Тохтур тIаса йищун. Рокъой хIажат йиго хIалтIулей, сахай чIужугIадан!

– Дуего рагьдател хIажат йигин абеха, васае чIужу гурей, – ан пашманго хьимана чIужугIадан.

– Дуца малъизе ккеларо дица гьабулеб! – ан квералги хьвагIулаго рокъоса къватIиве арав Садикъ, гьеб параялъго жаниве воржун вачIана.

– Балагье дурго васасухъ, щийги ячун вачIаравали... Щай балагьун чIарай, нахъе гъе дой! Гурони дица... Гьаб щиб рогьо, цо бахIаралда хадув арав чи, цойгияйги ячун вачIунев!

Мухтарица жание ячун ячIана йокьулей ва бераз эбел ялагьизе лъугьана.

Киналго тунк-тункун доре-гьаниреги гьарун, бахIаразде данде ана Лайла ва кIияздаго къвалги бан, абуна:

– Дир лъимал, талихI кьеги нужее. Мухтар, дир вас, дуе йокьарай йокьила диеги. Гьаб рукъ Санияе биччан те лъугьине жиндирабголъун. ТалихIги, рокьиги, цоцазда ричIчIиги кьеги нужее Аллагьас!

– Рукъ жиндирабголъун лъугьагийила! Дур лъадул бетIер сверун бихьула, жинцаго бицунеб бичIчIуларедухъ. ГIодой юссинае гьей! – ян чIичIидана якьад-яс.

– Нух кье, гьай дур рокъое ячIарай гуро! – ян нахъе цуна гьей Лайлаца.

– Жийго те гьей! Гьалбадериде юсса, – ян буюрухъ кьуна Садикъица яцалъе. – Гьей ячIарабго нухалъ нахъеги ина. Дица абухъе букIина...

* * *

ГIарапат, чIезе къадар лъугIун, цин гордуялде аскIое, цин нуцIида аскIое екерун, рукъ сверулей йикIана:

«Тохтурасул вачIунгутIигIаги щиб, гIетIул хIориниб лъун бугин дир лъимер. – Ццим бахъун вакьадасухъги ялагьун, – гьасдаги батараб бакI вегизе. Хъванхъвадиялъ лъимер кьижизе биччаларев», – илан абуна.

– Дун кьижун ккун ватана, – ян вахъана циндаго Садикъ, - багIари щиб гьаниб бугеб, кин нуж гьал картIахъ гIумру гьабун рукIунелали бичIчIуларо, рукъзал ралароанищ некIого! Кив гьав Мухтар вугев, вачIунарого?

– Лъаларо! – ян цалхана ГIарапат. Жиндиего, «рокъов вукIине вукIарав дурго...», – ян пикруги гьабун.

НуцIил цIумур кьабидал, ГIарапат нуцIа ричIизе екерана. ЧIужуялъухъ гIинцин тIамичIого, Мухтар жанивехун лъугьана.

– Эмен вуго вачIун! – илан абуна гьелъ. – Мун кваназе вугищ? Квен бахъилищ?

– Эмен ахIе, щиб балагьун чIарай?

Васасе гьимулаго вачIунев вукIарав Садикъ, виххун хутIана, столалда тIогьиллъарал кагътал рихьидал:

– Гьал щиб кагътал? Киса дуца гьал рахъарал, гьалщинал соназдасан?

– Лъазе бокьун буго, киб битIараб, киб гьереси бугебали. Дуца фронталде дихъе Саниял хIакъалъулъ хъвараб битIараб букIанищ?

– ХIакъикъатищ бокьун бугеб? Дица букIахъе хъвана кинабго. Гьей щияли лъалелде, дир рокъое ячун ячIана дуца...

– Дуда лъачIониги, дида лъарай гIолей йикIинчIищ гьей...

Васасдехунги вуссун,Садикъица пахруялда абуна:

– Гьаб жакъасеб къоялъухъ дие налъулав гьечIищ мун? Мун гьабсагIат райкомалъул секретарь, тIубараб районалъул хважаин ккола!

– Эмен, дида лъала щив дунали, амма кинго божизе кIолеб гьечIо Санияца...

– Дуда, Мухтар, щибго лъаларо, лъачIогоги лъикI дуда гьеб. Цоги нухалъ такрар гьабила: дица дур букIинеселъул гьабизе кколаан ургъел.

– РакIалда буго, эмен, кинабго ракIалда буго. – СихIкъотIунги чIун Мухтарица бицана: Дуца бихьизабуна дида лъабго къоялъ бахчун букIараб телеграмма. Гьелда рекъон дун хъулухъ гьабулеб букIараб часталде ине кколаан. Рагъ байбихьидал, нужеда аскIой Санияги тун, дун ана.

– У, гьей нижеда аскIой тана. Цо нухалъ гьелъул суратазда гьоркьоб дида досул сурат бихьана...

Мухтар инсуда аскIовегIан къана:

– Суратила? Кинаб сурат? Лъил?

– Лъил-лъил? Досулха! Киназдасаго бахчун, зама-заманалдасан тIаде балагьизе, цебе бахъулеб букIараб.

«Гьелъ суризабуна нилъер Мухтаровазул тухум», – илан инсул кагътидаса мухъал ракIалде щвана Мухтарида.

– Эмен, щив дов? Дуда лъаравищ щивали?

– Довищ? Щай лъаларев? ЦIакъ лъикI дида лъалев вукIарав чиха дов. Лесхозалъул директорлъун хIалтIулев вукIарав, ва жив жанив тIамиялда дицаги гIахьаллъи гьабурав, хъурумсахъ. Лъебералда анкьабилеб соналъ гьев жаниве вачана халкъалъул тушман хIисабалда, буржуязул миллатчи. Турказулгун бухьен букIун рагIула досул, бичIчIулищ...

– Мун лъил бицунев? Щив жанив тIамурав?

– Щивха вукIинев? Саниял эмен Арсланханха.

Мухтарица инсул гъуждул кIорокIана:

– Саниял эмен-я?! Эмен, дуца гьабураб щиб, дуца долъул цIар чороклъигун жубана гурищ. Дуца хъван гурищ букIараб долъ...

– У! Суризабуна Мухтаровазул тухум! Гьедин хъван букIана...

– Дида ракIалде батIияб кканаха, гьединлъидал дица долъухъе «Дихъ балагьун чIоге, дуего талихI балагье», – ян хъванги букIана. Эмен, дуца дие гIумру кьуна. Бице, щай дуца дихъа гьеб нахъеги бахъарабали?...



# НекIсиял магIарул рукъзабазул рухI...

Цо-цоязул магIарухъ цIунун хутIун руго басриял рукъзал. Цоял цоязда релълъарал, кьурабазда цун рарал ва квегIенлъиялъе гуреб, щибгIаги чIухIдае гьабураб жаниб гьечIел. Рукъ балаан щибаб цIияб хъизаналъе ва гьеб эхетулаго, цIунулаан киналго анкьумумулъан рачIарал рукъзал раялъул къагIидаби. Сундасаго асар гьабулаан рукъ бакьулъан чIвараб цIулал хIубиялъ ва, нахърателазе, рукъалъул къед цIун бараб, гIемерал батIи-батIиял къотIелал руген, цагъуралъ.

Жинда «кьолболабилан» абулеб хIубиялъ кколаан рукъалъул рахал, рахаз – тIадхъел. Кьолбол хIубиялда тIад рахъун рукIунаан, жидеда гъорлъ бер ккеялдаса цIуниялъул, хур цIун бачIиналъул, тухум сах хутIиялъул ва цIикIкIиналъул магIна бугел, накъищал.

Гьелда тIадеги, хIуби рикIкIунаан рукъалъул къадруялъул ва яхI-намусалъул роценлъун. Цо кинавалиго Пахрудиница пуланав ХIамзаласул рукъалъул хIоболъ, хъвалхьан, ханжаралъ гIуж лъунани, гьеб кколаан гьев инжит гьавилъун ва ХIамзалас гьесие бидулаб рецIел лъазабизе кколаан.

МагIарухъ рукъзабазул каваби киданиги рахалароан, цIулал гIучIги гьоркьобе бегьун, ккезабулеб кIиликIичIги рахайлъун гуреб, гIадлияб гIаламатлъун букIунаан – гIучI къазабун бугищ, хважаин рокъов гьечIо!

Дагьаб цебегIан рагIана гьадинаб

лъугьа-бахъиналъул хІакъалъулъ. Мадугьалихъ росулъе берталъе ун тІолабго хъизангун, гьединаб гІучІ къазабун тун букІуна кавуялда. Нахъруссиндал, гьеб бугелъубго батула, амма рукъалъул хІобода расен гьабун, гъал-гъаларaб жалалъул биччан унеб чу бахъун батула. Гьалъул магІна щиб? ХІакъир гьавийищ? ЧанкІкІийищ? Ва амма гьев балъгояв цІулал махщелчиясул букІун буго цого-цо мурад – гьадинаб чуялда рекІун цадахъ ячине йигин мунилан абураб магІнаялда, рукъалъул хважаинасул ясалъ жиндихъ гІинтІами. Кинабго лъугІана бертадалъун. Рукъалъул бетІергьанас ханжар рекІинабизе ккун гьечІо, рогьо чуризелъун.

Дир гІемерисел дир ракьцоязда лъала «кьолбол хІубиялъ» рокъосезда лъугьине бугелъул бицарал хІужаби…Цо нухалъ дир гьудул, гьоболлъи бан, кІодоэбелалъухъ росулъ йикІана. МагІарухъ риидалцин къаси-къаси гьогьомун букІуна. СихІкъотІиги букІуна гІажаибаб. Циндаго чІинхъиялъ йорчІизаюла гьудул – кІодоэбел ятула, Аллагь гурхІагиийлан, рахІатхвараб дугІа-алхІамалда ва гьелъул сасикье льимер кыжун кола. Нахъисеб къоялъ бачІуна хабар, кІодоэбелалъул Сибиралда стройотрядалда вукІарав бищун гьитІинав вас, авария гьабун, чІван вугилан. КІодоэбелин абуни, сардида макьидаса йорчІизаюн йикІун йиго рукъалъул хІубиялде рехараб гъваридаб кьватІелалъул гьаркьица. «Гьединго кьватІун букІана рукъалъул хІуби, Чехословакиялда рагъда дир эмен чІвараб мехалъги… Нижеда лъалеб букІинчІо гьев къадаралде щун вукІин, хІубиялда лъалеб букІана…» – ян такрар гьабулеб букІана гьелъ, гІодиги дугІабаздалъун гьоркьоб къотІизабулаго…

***Сулгият Булгаева***



# Авлахъал тун, мугIрузде рахъунел магIарулал…

***Гъаб ахирияб нусго соналда жаниб гIемераб жоги бихьун: НикIалайил заман, Ленинил заман, Сталинил заман, Брежневасул заман, Горбачевасул заман, Ельцинил заман, цоги гIиси-бикъинал заманалгиха, нилъ щвана жакъа къоялде, Путинил заманалде. ХIасил, нилъ рахана гохIде. Чанги захIмалъи ва тIад кIалъазе бакIал рукIаниги, лъикIаб гохIде. СанагIалъабазул цIураб гохIде.***

Гьеб гохIде рахинеги нилъее бигъалъанагIан захIмалъана. КигIан захIматалги, нилъедаго тIаде щвараб рагъулги, кьалулги, ракъулги соназ букIинчIеб гIадаб зигарди буго гьанже нилъер. Доб заманаялде данде ккун азарго нухалъ лъикI рукIаниги. ЦогIаги доб заманаялъ вукIарав чи вахъинавизе лъикIан жакъа тIаде, досда Алжаналъувин жив вугевилан ккелаан.

Нилъер рукъзабазухъ ралагье, рокъоб бугеб къайи-къоноялъухъ ралагье, гъоркь рекIун ругел машинабазухъ ралагье, нилъеца кунеб бугеб кванихъ ралагье, тIад ретIун бугеб ратIлихъ ралагье ва данде ккве. Техникаги, информатикаги, интернетги цебетIеялда бан, кIигIан цIакъ гIумру гьабизе бигьалъун бугебалиги ралагье. АлхIамдулиллагь щукру, щибаб рецц Аллагьасейилан чан чиясха абулеб? Гьанже гIадин, щванагIан гIоларого доб заманаялъ букIанадай? Гьанже гIадин хъантIун жидерго чвантинибе хIукуматалъул магIишат хъвалел чагIи рукIанадай? Гьанже мискин-пакъирилан рикIкIунев чиги вуго, цеве хан-паччахIасдасаги лъикI.

ЗахIмалъиялда, квачан, ракъун, хохон ругел мехалъ, гIадамал цоцазе къваригIун рукIана, цоцазе кумекалъе ротулел рукIана, цоцазда гурхIулел рукIана ГIадан гIадамасде кколевила, мегIер мегIералде кколаребилан кици буго нилъер умумузул… Гьанже гIадан гIадамасде кколареб заман бачIун буго. Кинавго чи живго жинцаго тIувалев вуго ва лъилниги кумек къваригIун гьечIо. ЛъикIалъегIаги батагиха.

Бекараб мугъалда михир бачине, кинавго чиясул кодор руго телефонал, щивасул чвантиниб буго интернет. Риччан те рукIине. КигIанги нилъер гIумру бигьалъизабураб эз. Амма нилъ гIорхъолъа ун гогьлъана, хIаладаса ана, дагь-дагьккун гIадамасул унго-унгояб гIумруги кIочон тун, гьениб интерфнеталда ургъун бахъараб гIумруялде ругьунлъизе лъугьана. ЦебегIанго Зайнабица хъван букIараб «БухIаяб дуниял!» макъалаялда бугеб инстаграммалъулги, гьенир суратал лъолел чагIазулги, гьел суратазда гъоркь лайкал лъолел чагIазулги, гьел лайказул къадар рикIкIун къадру борхулел чагIазул цIалигун, дунялалдаса рокьи



бичана. Унгоха нилъ ругел гьедигIан пикру мукъсанал чагIи? Кинабалиго сураталъги гьелда гъоркь лъураб лайкалъги чиясул даража борхулин абураб жоялда божулел чагIиищха нилъ? Яги, нилъерго рокъоб киб, щиб, кин бугебали хал гьабизе регIуларого ругел нилъее, кинаялиго кочIохъаналъул васасе яс абуниги, абичIониги щиб? Гьелъие щиб кьуниги щиб? Гьей берцинай йигониги гьечIониги щиб? Гьебни, кин букIаниги, кIвар бугеб жо батизе бегьилаан, амма, гьелъул сураталда гъоркь чан лайк лъун бугебалигIаги нилъее щай? Щиб гьелъ кьолеб? Гьелъухъ нилъие гIарацищ щолеб, рухIияб бечелъийищ? Гьеб жо гIакълуйищ, гIадаллъийищ?

Гьабизе жо тIагIараз гIомо борлълъулилан йикIунаан дир кIодоэбел. КидаллъагIан рукIинел гIомо борлъулел? ГIабдалзабиги гурелъул.

ГIумру лъикIлъанагIан квешлъана нилъ. Мукъсанлъана гIакълу. ГIабдалзаби лъугьана. Гьанже хIинкъи буго дагьабги гIумру лъикIлъани, тIубанго нилъер иш лъугIилилан.

Эхеберай гьечIеб эхедерай букIунарелъул ва, гохIилцин гуреб, борхатаб кьурул тIогьире рахун нилъ рукIи-

налда бан, ракIалде ккола росабалъе тIад руссин бугин нилъее цохIого цо бугеб битIараб нухилан.

ТIадруссинчIого цере рилълъани ва дагьабги лъикIаб гIумру тIаде бачIани, гьеб кьурулъа гъоркье кIанцIи гурони, тIокIаб нух гьечIо нилъее ва нилъер миллаталъе ва гьеб буго, жиндаса рорчIизе рес гьечIеб, хвел. ЦIакъго церетIурал цивилизациязул къисматги лъалелъулха нилъеда.

Гьанже нилъее дару буго гIумру захIмалъи. Долларги зодобе бахун, кинабго жоги хиралъун, босизе кIвеялдаса эбги ун, нилъ магIарухъе рахъине ккани, гьеб буго нилъее хвасарлъи.

ЦIидасан хIалтIизеги, хурзал рекьизеги, боцIи хьихьизеги, гьабихъ ххенезеги, бокьал рахъизеги нилъ лъугьани, цIилъила нилъер росаби, рухI лъела нилъер умумузул рукъзабазда, цIидасан нилъеца лъай-хъвай гьабила нилъерго гIагарлъиялъулгун, росу-ракьалъулгун. БацIадаб гьаваялдаги хIалтIун, щибго химия гъорлъ гьечIел, нилъецаго гIезарурал нигIматалги кун, сах-саламатал чагIи лъугьина нилъ.

Гьанже нилъ, гьаб кодоб бугебщинаб информациялъги, Интернеталъги, цIали-къалиялъги цIодорлъунги ругелъул, цере умумуз гIадин захIматго гьабичIого, информатикагун технологиялги хIалтIизарун магIишат гьабизеги, хIалтIул бакIал гIуцIизеги, гIумру цебетIезабизеги нилъее захIмалъилин кколаро.

Нилъер мунагьал чураяв ЖабрагIил ХIасановасул руго, цIалигун нилъедасаго ракI буссунел, рагIаби:

*Чол хIихIи тIагIараб, гьвел хIапи гьечIеб,*
*БукIа абе гьанже дир магIаруллъи,*
*МугIрул гIидра кунеб гIи бихьулареб,*
*ГIухьбузул кIкIалабахъ гьаракь къотIараб.*
*Хурзал лъилъулареб, хер гьабулареб.*
*Гул къазе къулараб гьод бихьулареб,*
*МаркIачIул гIужалда мугъалда магьгун*
*Магъилъа юсуней яс дандчIваларей...*
*Гьобол вачIунарев сордо бан ине,*
*Гъудул вачIунарев берталъ кьурдизе*

– илан. Хьул буго гьадин хутIиларин.

Щибго жо бичIчIичIого гуро цоцо росабазул жамагIатал, общинабиги гIуцIцIун, жидеего цIодорлъи гьабулел ругел. Нилъедаго лъалеб гьечIони, лъалездаги цIехон, цIодорлъи гьабизе заман некIого щун буго. Гьаб нилъер цIияб интернет-радиоги «Рахъа, магIарулал, магIарухъе», – йилан абулеб жо буго, цIодорал чагIазда бичIчIуледухъ «ЖамагIатазул гьаракь», – илан абун теялъул...

***Баху МухIидинова***



*МухIамад Гъазиев*

## *Автомобиль*

Дида дирго васасе
Автомобиль босана,
КIулица кьурун гьес гьеб
Бекеризе биччана.
Гьале къедаги тункун
ЧехьатIаде рехана,
Шофер цIияв вукIиндал
Авари ккезабуна.
КIудияб талихI ккана
ЧагIи тIад рукIинчIолъи,
Живго гьитIинав шофер
Сах-саламатго хутIи.
Дицаги шоферасда
Биччалеб куц малъана,
Шоферасги кидаго
Авари ккезабичIо!

*МухIамад ХIосенов*

## *Савдат*

Савдат дарсалги лъугIун,
Рокъое йиссарайго,
СуркIби, гъудрул чурула,
Чинилъун рукъ бацIцIуна.

Эбел хуриса юссин
Савдатида лъаниги,
Рокъоб гьабулеб хIалтIи
ХIисабалде босула.

Вац Ибрагьим-Халилил
Гурдида маргъал бала,
Гъизун батараб ретIел
БацIцIад гьабун чурула.

Гьей йигеб бакI кидаго
БатIа бахъизе лъала.
Эбел-инсуца Савдат
ЛъикIай яслъун рикIкIуна.



## Диана Рашидханова



# ЦІех-рехалъул комитеталда хІалтІул хаслъабазул хІакъалъулъ

***ЦІодорго рукІа! Медицинаялде рокьуца нуж рачине бегьула ЦІех-рехалъул комитеталде! Диана Рашидхановалъул кковухъе – документазулаб хьезариялъул ва гІадамал тІаде къабул гьариялъул отделалъул инспекторасул хъулухъалде.***

Гьелъул гьитІинаб къоялдаса нахъе анищ букІана тохтурлъун яхъине. ТІокІлъигун медицинаялъулаб институтги лъугІизабун, медицинаялъул гІелмабазул Россиялъул академиялъул Дагъистаналъул централде лъугьана. Юриспруденцияги медицинаги гІадаб кІиго кІудияб бутІа цолъулеб бакІалда гІемер ричча-рихъантеял рукІин загьирлъана гьениб гьелъие. Медицинаялъулаб правоялъул суалал ричІчІизелъун, цІализе лъугьана юридическияб факультеталде. Гьелдаса хадуб Диана Рашидханова анцІго соналъ хІалтІана ДГУялъул гражданазул ихтияразул кафедраялда, цадахъго «Юридикияб клиника» ихтияразул централъе нухмалъиги гьабун.

Гьеб централъ, преподавателазул нухмалъиялда гъоркь ва студентазул къуваталдалъун, чІобого юридикияб кумек гьабулааан социалияб рахъалъ цІуничІел гІадамазе. ГІадамазулгун хІалтІи карьераялъул кІвар бугеб бутІалъун лъугьиндал, ячІана Диана Россиялъул ЦІех-рехалъул комитеталъул Дагъистаналда бугеб Управлениялдеги.

***– ГІемер рагІулищ нужеда, приемалде рачІарал гІадамаздасан, «Нужеца щибго хІалтІи гьабулеб гьечІо», – йилан калам?***

– Къойида жаниб чанцІулго. ГІицІго гІадатал гІадамазда гуреб, юристаздацин бичІчІун батуларо нижеда гьабизе хІалкІолебги кІоларебги. Следствеияб комиталъ цІех-рех гьабула УПКялъул 151 статьялъ рихьизарурал: цІакъго бакІал, гІовул гІужде рахинчІез ва гьездехун гьарурал захІматал такъсиразул. Цойги нижер хІалтІулъе уна, судьябаз, прокурораз, следователаз, депутатаз ва гь.ц гьарурал, хъулухъалъулал такъсиразул халгьаби. ГІемерго рачІуна нижехъе: «Мошенникалги кІалъан, жидер телефоналдаса гІарац бахъун ана», – йилан гІарзалгун. БичІчІула гІадамазул, гьедин ккедал, рекІекълъиги, амма нижеда гьабизе кІолеб щибго букІунарин абидал, гІемерисез нижеда: «Нужее хІалтІизе бокьун гьечІин» кІал кьабула.

***– Кинха нужеца гьеб къабул гьабулеб?***

– Сабуралдаха, кин тІокІаб. Кабинеталдаса къватІиве щивго къотІуларо, кинабго бичІчІизабула. Инсанасада бихьизабизе ккола, кин кканиги, ниж гьесул рахъалда рукІин. ТалихІалъ, ниж академиялда психологияб рахъалъ лъикІ хІадурун рукІуна. КигІан пашманаб гІумруялдаса лъугьа-бахъин гьез нижее бицаниги, ниж, гьезда цадахъ гІодизе, гьересиял хьулал рижизаризе лъугьине бегьуларо. ГамачІ гІадин, бицунелъ асарго гьабичІого чІейги лъикІаб гьечІо, нижеде божилъигун, кумекалде хьулгунлъидалха инсан вачІун вугев. «ЦІорораб бетІералдаги» «гурхІел бугеб ракІалдаги» гьоркьоб баланс кквезе лъазе ккола.

***– Гьеб комитеталда хІалтІулейгІан заманаялъ сунца дуде бищунго кІудияб асар гьабураб?***

– ГІовул гІужде рахинчІездехун, гьездаго гьоркьор жинсияб хасия-



талъул такъсирал Дагъистаналдацин жеги тIибитIараб батиялъ. Ккараб гIунгутIи бахча-хьван тIубазе бокьула цо-цоязе. Мисалалъе босани балугълъул гIужде яхинчIей ясалдехун гьединаб такъсир гьабун бугони, гьелъул эбелалъ кьоларо судалде, ясалъе рос щвеларилан хIинкъун.

*– КигIан заман дуе къваригIараб гьединал такъсираздехун рекIелъ сабругун балагьизе?*

– 13 соналъ гьаний хIалтIаралъул, ракIалде ккола гьанже сунцаниги гIажаиблъизе гьайилей ятиларилан. Амма лъималазе зиян гьабизе кIолел чагIи загьирлъидал, нечола гьединал гIадамал нилъеда гьоркьор рукIиналдаса. Гуро, дир кверал тIуртIудуларо ва квешал макьаби рихьуларо. Амма доб квешаб щинаб дирго рекIелъан биччачIогоги хутIуларо.

*– ГIадамаздехун щаклъигун балагьизе лъугьанищ?*

– Гьеб профессионалияб хиса-баси дида хъатIичIо. Дун йиго ракIрагьарай ва божулей гIадан. Ва амма, лъалел-хъвалел кумек гьарун дихъе рачIиндал, дица къотIула киналго эмоциязе нух ва мухIканго бахъула гьабизеселъул план: «Патя-ада, МухIамад-даци, нуж ине ккола гьабги гьабги бакIалде гьабги гьабги гьабизе, дун цо-кIиго бакIалде кIалъала», – ян. Бищунго тамашаяб – гьез дида кумек гьабеян гьарулебго гьечIониги, Щех-рехалъул комитеталъул хIалтIухъаналда гIадин гуреб, лъикIай лъалей-хъвалелда гIадин, ракI чучиялъе, гьез диде ургъел бикьун букIаниги: «Гьазул ургъел ккараб бакI буго, гьабизе ккола кумек», – режималда хIалтIула дир гIадалнах. Цо-цо мехалъ захIмалъула «хIалтIи хIалтIу-

да тезе». Рачун ратула профессионалиял ругьунлъункkeял гIумруялдеги. Цо-цо яшавалъулал суалал рорчIула хIалтIулъеги. Данделъиялда гIодой чIун йикIаго, кIалъан рачIуна дихъе мадугьалзаби: «Диана, нилъер гьаниб лъабго сагIаталъ лъим гьечIо, щиб гьабилеб?» Азбаралда кран хун буго, лъиде кьурилеб? Узухъда, Дианаде. Дида кIоларо согIго «Дун хIалтIуда йиго, квал-квал гьабуге», – ян жаваб кьезе. ХIалтIул тIоцересел къояздаса нахъего дун ругьунлъун йигелъул гIадамалгун хIалтIизе, киназего кумек гьабизе. Дида кIоларо гьанже кIанцIун яхъун: «ЧIалгIана дида, дун жихIийго те», – ян абизе. БитIун бицани, дида чIалгIун гьечIо. Свакан йигищ? Узухъда, свакана. Ццим бахъунищ? Гьай-гьай, цо-цо бахъуна. Амма къаси, рокъоеги щун, араб къоялъул пикру гьабулаго йохула, цо лъие бугониги кумекги гьабун, къо гIадада биччан батичIолъиялдаса.

***– Кин кIолеб инсанасул тIабигIаталъул квешал рахъалгун дандчIван хадуб, дулъго гIаданлъи цIунизе?***

– Бигьаго: лъазе ккола тарих. Киданиги букIинчIо бигьаяб заман. Амма щибаб цIияб гIелгун лъугьуна цо щиб бугониги лъикIаб. Гьелъие инкар ккезе бегьуларо. Дица рикIкIуна, кигIан гIемерал захIмалъабигун дандчIваниги, нилъер улкаялда гьабсагIат интересаб, бокьарав чиясе цевеTIезе рес бугеб, заман бугилан. Лъай щвеялъе хIаракат бахъулесул рес буго жиндиего лъикIаб гIумру гIуцIизе. Дагъистан буго гIажаибаб бакI. Нилъецаго гIумру гьабун бугеб регионалъул хаслъиялъул хIисаб гьабуни, нилъ цIакъ талихIал чагIи руго. Дагъистан буго гIемер миллатазулаб ва диназулаб республика, гьеб кIудияб икъбал буго. БатIи-батIияб этнопсихология бугезда гьоркьор гIеялъ нилъгоги лъай, бичIчIи бугеллъун лъугьуна. ГIаданлъи нилъерго чорхолъ цIуничIони, лъималазда щиб нилъеца малъизе бугеб? Бищун цебе лъимал нилъеца гIаданлъиялъелъидал куцазе ккола.

***– Бице дурго хъизаналъул хIакъалъулъ.***

– Нижер тухум буго ТIаса Гъаздanушиса. Дир инсуца гIемерал соназ нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталъул физикаялъул ва математикаялъул кафедраялъе. Эбелалъ, терапевтлъун хIалтIулаго, тIолабго гIумру кьуна медицинаялъе. Гьелъул мисалалда бижана дилъ тохтурлъиялде рокьиги. Дир вуго кIиго вац, кIиявгоги юрист. ЦIикIкIарав вац ккола прокурор, вуго полковникасул чиналда. ГьитIинав хIалтIилев вуго Минтрансалда.

ГьитIинаб къоялдаса нахъе эбел-инсуца нижеда малъулаан: «Нух тола вилълъунес», «Бегараб ганчIида гъоркье лъим чваххуларо», «Аллагьас, цо къоялъ гурого хIалхьи гьабичIого, анлъго къоялъ гIуцIана дунял. Нужги гIемерал хIалтIизе ккола», – илан. Ниж гIумруялъ гьел малъа-хъваязда хадур рилълъана.

***– Дурго лъималаздаги гьедингойищ малъараб?***

– Дир йиго цо яс, гьей ккола кIудияб хIарпалдасан гуманист. Лъай гьелъул юридикияб буго, амма гьелъ лъималазулгун хIалтIи бачуна. Гьел ЕГЭялде хIадурула. Рагьун буго школлъималазе интеллектуалияб клубги. Данделъула, хIала брейн-ринг. Умумузги гъираялда рахъ ккола, рачун рачIуна жидерго лъимал. Дун йохарай йиго ясалда гьединаб хIалтIулъ жийго ятиялдаса.

***– Ахирисеб суалги. КIодоэбел-юрист, эбел-юрист, ясалъул ясалъул къисматги цебеккунго лъалеблъунищ бугеб?***

– Гьей кIудияй гIезегIан раккизе бегьула гьабсагIат нилъеда лъазего лъаларел махщелал. ГьабсагIат ругел тIагIине бегьула. Дир иш буго гьей ракI лъикIай, сахлъи бугей ва талихI бугейлъун гIезайи.

***Руслан Бакъидов***



# КIикъого гъал

1636-леб сон букIана, рикIкIадаб Гольштиниялдаса бачIунеб польшаялъул вакилзабазул делегация, Таргъуялъул шамхаласул хъалаялъубе кIудияб адаб-хIурматалда рещтIараб сон. Гьел унел рукIана Персиялдаса Дербенталде. Гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ гьале гьадин хъвалеб буго гьеб вакиллъиялъул сектретарь Адам Олеарийица:

– 17 апрелалъ гьеб шагьаралъул ханас жиндирго гьитIинав вацги цоги лъабго чиги ритIун рачIана нижее салам кьезе ва къваригIараб тараб бугищ, кумек хIажат бугищали цIехезе. Живго хан унтун бусалъ вугилан бицана. Нижеца гьесухъе нижерго тохтир витIана, саламги буссинабизе, гьудуллъиялъулаб квер битIаралъухъ баркалаги кьезе, къваригIани, гьесие бокьани, дару-сабабги гьабизе. Гьес гьев рохалида къабул гьавуна. Нижер тохтирас гьабураб дару-сабабалдаса хадуб, чанго къоялде мадар лъугьиндал, хан кин нижее баркала кьелебали лъаларого вукIана.

Таргъуйилан абуни букІана Дагъистаналда аслияб шагьар. Гьеб буго мугІруздаги гІатІиракьалдаги гьоркьоб, цо борхалъуда, къурабазда тІад. Кьурабазда тІад буго гІи-боцІи кваназабизе лъикІаб харибакІ. Кьурабалъан кІанцІарал лъаралазул чили букІана рагІулеб, гьел гІурулъе чваххулелъул.

Гьеб бакІалъул гІадамазул ва рукІа-рахъиналъул бицунаго, немцазул вакилас гьадин хъвалеб буго: «Гьезул ясазул бутІрул гІисинал гъалазул цІун рукІана. Чара гьечІого щиялъул букІана кІикъого гъал. Гьезие цІакъ рекІее гІолеб букІана нижеца гьезул гъалазда хъвазе ва гьел рикІкІине».

Олеарийица хъварал гьал мухъал чан нухалъ цІаланиги, дица гьел рагІабазде кІварго кьун букІинчІо. Щай 40 гъал? Гъелъул бухьен бугодай Таргъуялда букІараб иццулги «КІикъого ясалъул» сухІматалъулги хІакъалъулъ хазаразул биценалъулгун. РакІалде рачІунел руго Ирчи Хъазахъил:

*Эбелалъул ракІ – гъотІол кьалбал,*
*Бицуна, гьел кІикъого ругилан...*

Нилъер заманалъул поэт Бадрудин МухІамадовасгицин хъвалеб буго: «къисматалъул нилъеда лъалареб 40 нух букІунилан».

Халкъияб кІалзул гьунаралде ракъани, гьенибги дандчІвала нилъеда гьеб гІажаибаб рикІкІен. Мисалалъе, «БахІарчиясе 40 гьунарги дагьаб буго».

Киналго дагъистаналъул халкъазе хасиятаб буго хасаб бербалагьи гьеб рикІкІеналде. Мисалалъе, кІикъого къо базегІан лъимер лъидаго бихьизе лъикІаб гьечІилан рикІкІуна, кІикъого къоялдасан кІкІвала тІоцебе гьелъул бетІер. Хварав чиясул рухІ жеги 40 къоялъ рокъоб букІунилан божула. Цо-цо бакІазда 40 чІимих рехула гІурулъе, цІад гьариялъе, халкъиял аскаразул бутІабиги 40 рагъухъанасдаса гІуцІцІун рукІуна...

Исламалдаги гьеб рикІкІеналъе хасаб бакІ кьун буго. ТІоцевесев чи Адам (с.гІ.с.) гьавизе хІатІ 40 къоялъ буцун буго. МухІамад аварасде (с.гІ.с.) Къуръаналъул тІоцебесеб аят гьес 40 сон бараб мехалъ рещтІун буго. ЧІужугІадан лъимадуе йикІуна 40 анкьалъ, лъимер гьабун хадуб яцІцІалъизеги бала 40 къо. Къуръаналдаги лъабго нухалъ рехсолеб буго гьеб рикІкІен: Муса аварагас (с.гІ.с.) Тур магІарда бараб кІикъого къо, жугьтІаз женжедилел бараб 40 сон, ва цоги гьаб аяталдаги: «Эбел-инсул адаб гьабизе аманат буго. Эбелалъе бигьа букІинчІо мун ваччизе, гьавизе. Керен кьун хьихьизе. Карандаса тІезегІан 30 моцІ уна. КІикъого сонги бан, цІубараб гІумрудул хІокІалде мун вахаравго, дуца абизе буго: «Я Аллагь, гьаве дун тавбу гьабулевлъун, дие ва дир эбел-инсуе гьабураб щинаб лъикІлъиялъухъ баркала кьолевлъун, Мун дидаса рази вукІунедухъ, кумек гьабе лъикІлъаби гьаризе. Дунги дир ирсилалги Аллагь разияздаса гьаре. ТІаса лъугьа, Аллагь».

Унгоги, кІикъого сон буго чиясул бащдаб гІумру араб заман. Чан сон базе хъван батаниги, гьелда бараб жо гьечІо. КІикъого сон бан хадуб байбихьула чияс жинцаго гьабураб-таралъул хІисаб-суал гьабизе ва гьелъие битІараб къимат кьезе. Кинабго борцуна батІияб бербалагьиялдалъун.

«Эбел», «эмен», «лъимал» абурал рагІабазда жаниб батІияб гъваридаб гІумрудул магІна лъола.

***Алав ГІалиев***

СалихIат
Валиева



# СалихIат Валиевалъул махщел

***СалихIат Валиевагун ниж цере-цереги дандчIван рукIана. Нижер журналалъул жилдалда гьелъул сурат лъелилан хIукму ккедал, бачIана пикру гьелъулгун гара-чIвари гьабизе. Гьедин «МагIарулай» чаялъул чашкаялда нахъа дандчIвана СалихIат Валиевагун. Ниж некIогоялдаса рихъун рукIинчIо, гьединлъидал рохана дандчIваялдаса, бицана гьелъул гIумруялъул, творческияб нухлул, жамгIияб хIалтIул ва букIинеселде хъулазул хIакъалъулъ.***

«Дун пана гьаюла искусствалъул батIи-батIиял рахъаз: музыкаялдаса ва кьурдудаса бахъараб живописалде ва архитектураялде щвезегIан», – илан бицана машгьурай академикияй кочIохъан, Т. Мурадовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул Пачалихъияб филармониялъул солистка, Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул вокалалъул бутIаялда 35 сонил стаж бугей тIадегIанаб категориялъул педагог, СалихIат Валиевалъ. Гьелда тIадеги гьей ккола Пачалихъияб Думаялда цебесел, лъай кьеялъул, гIелмуялъул, гIолилазул политикаялъул экспертазулал советазул членги, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ХIажимурад Малаевасул кумекчIужуги, Россиялъул журналистазул Союзалъул членги, Москваялда бугеб халкъазда гьоркьосеб «Amicability» дипломатикияб клубалъул культураялъул рахъалъ экспертги, Президентасда цебе бугеб Дагъистаналъул Постпредствоялъул культураялъул рахъалъ ЖамгIияб Советалъул хIаракатчIужуги, ООНалда цебесеб UPF Юнеско тIолго дунялалдаго ракълие гIоло Федерациялъул посолги. Ккола «dag.FELICE» чIухIараб журналалъул учредительги, Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул министерствоялъул ЖамгIияб Советалъул секретарьги.

***– СалихIат, сундулъ бугеб дур жигараб жамгIияб хIалтIул ва гIумрудул магIна?***

– Гьелъул буго, цоцазул культура лъазабиялъул ва гIагар гьабиялъул кьучIалда, Дагъистаналъул ва улкаялъул цойгидал регионазул гIадамал цолъизариялъулъ, творческияб гара-чIвариялда цIияб-лъикIалъе гьел рагьиялъулъ. Дие бокьана гьел цолъизариялъе гьоркьохъанлъун йикIине.

***– Дур гражданлъиялъулаб борчалъул иццул бетIер кисан кIанцIараб?***

– Рокъосан щвараб тарбиялдасан, куцарал хъизаналъулал хазинабаздасан. Дунго Каспийскалда гьаюниги гIуниги, инсул кьалбал дир ГIахъуша районалъул Муги росулъан руго, эбел ккола Губденалдаса. Дун ккола гIемерлъималазулаб хъизамалдаса: нижер рукIана щуго вац ва лъабго яц. Дир эмен Багома ГIабдуллаев – шагьаралда цIакъ адаб гьабулев, 7-абилеб разрядалъул фрезеровщик, Дагъдизель заводалъул 27-абилеб балъгояб цехалда мастерлъун хIалтIарав, къанагIатаб махщалил чи. Гьев къадаралде щвараб мехалъ, цехалъул хIалтIи чIезе тун букIана, гьев хисизе чи вукIинчIолъиялъ. Эбел хIалтIана Об-



щепиталъул Управлениялда. Нижер рокъоб кидаго адаб гьабулаан кIудияб ва гьитIинаб ватIаналъул, инсанасул яхI-намусалъул.

***– Кида дуца байбихьараб бакъан-квараялде?***

– Инсуда бихьана дилъ тIоцебе гьеб гьунар ва гьес ячана дун музыкалияб школалде. РакIалда буго, ЦУМалъул директор – гьудул-гьалмагъасул кумекалдалъун инсуца дие пианино босараб куц. Долъул багьа букIана 750 гъурущ (гьеб кколаан, премиялгун цадахъ, инсул лъабго харж). Сталинил рукъзабазул ункъго рукъалъулаб квартираялда гIумру гьабун рукIана ниж доб мехалъ. Пианино бачIунеб машинаялда хадур рекерулел рукIана сверухъе ругелщинал азбараздаса лъимал. Пианино гъоркье бахъидал, дица гьелда киназего бакъан бачана. Гьеб жеги нижер рокъоб Каспийскалда бакънал рачунебги буго.

***– Кинаб кIвар дуе бугеб гьеб гьитIинабго шагьаралъул?***

– Дие кутакалда бокьула хIалтIулаб интеллигенциялъул шагьар Каспийск. Дун гIемер ккола сапараздe, хутIула Москваялда – къватIий, амма кидаго тIадюссуна Каспийскалде. Киданиги бокьилин кколароан дида, дир лъимерлъиялъул бацIцадаб, гIурччинаб, гьитIинаб Кспийскалдаса МахIачхъалаялде яхъине. ВатIанилан абураб рагIиха!

***– Нильер ватIаналъул тахшагьаралде кинал суалаз мун кколей?***

– Дида абизе бегьула Москваялда – Дагъистаналъул культураялъул, Дагъистаналда – гIурус музыкалияб культураялъул амбассадорилан. Амма дун цее яхъуна, гIицIго музыкалияб бутIаялда гурей, Федерациялъул Советалда, Госдумаялда, батIи-батIиял улкабазул посольствабазда, Дагъистаналъул ва Россиялъул маданият бихьизабулей, Халкъазда гьоркьосеб дипломатикияб клубалъул ва UPF-алъул Ракълил чапар хIисабалдаги.

Цо-цо мехалъ кIола дирго ракьцоязул унтарал суалалагун хIажалъаби рорхизеги. Цо нухалда дун, Пачалихъияб Думаялда спикер Вячеслав Володин сверун ккурал, журналистазул гурулъе ккана. Дица гьесие, Дагъистаналда лъимал гьариялъул цIикIкIинги, СВОялъул гIахьалчагIазул лъималазецин садиказда бакI щолеб гьечIолъиги хIисабалдебосун,кидаДагъистаналдагIураб къадар ясли-ахазул букIине бугебан

суал кьуна. Цодагьаб мехалъ нилъер республикаялда хIалтIарав, батIияб регионалдаса политикияв хIаракатчияс дун нахъегIан цIалей йикIана Володинида аскIоса, амма дов дихъ гIенеккана ва буюрухъ кьуна суалалъул хал гьабизе. ХIасил – киназдаго бихьулеб батила Дагъистаналъул шагьаразда ва районазда ралел ругел щинал ясли-ахал.

***– Цоги щиб гьабизе кIвараб культуриял ва гуманитариял проектазда жаниб?***

– Нижеца цолъизаруна сахлъи цIуниялдаса, искусствоялдаса, бизнесалдаса, берцинлъиялъул индустриялдаса ва культураялдаса гIадамал. ЦIикIкIун гIадамал цолъизаруралгIан кIвар буго. Гьеб ккола, бокьарав нилъер ракьцоясе улкаялъул лъикIал клиникабаздаса кумек щвезе рес бугеб тохтурзабазул Ассоциацияги, СВОялъул гIахьалчагIазе ва Россиялъул цIиял территориязул гIадамазе гьабулеб гуманитарияб кумекги. Ниж чанги ун рукIана доре, гIадамазе хIажатаб босун щиб, концерталгун щиб. Дица байбихьудаго рагIи кьун букIана диего, СВОялда нилъ бергьинегIан, рахIмуялъулал акциязда гIахьаллъизе.

***– Кин жакъа бугеб дур концертазул иш?***

– Москваялъул байдабазда кьурал концертазул кигIан къадру-къимат букIаниги, бищунго дие цее яхъине бокьула ватIаналда. Дица хIаракат бахъула репертуаралде Дагъистаналъул халкъиял ва авторасулал кучIдул, гIурус музыкаялдаса ариялгун романсал, советиял кинабаздаса дунялалъулго машгьурал кучIдул рачине. Дица кечI ахIула Дагъистаналъул халкъазул чанго мацIалда гуребги, турказул, къажаразул, италиялъул, испаниялъул, ингилис мацIаздаги.

Дир рес буго Москваялда дирго творческияв вечерал ва концертал тIоритIизе. Гьенире дица Дагъистаналдаса дирго пишацоял гурелги, машгьурал Москваялъул кIочIохъабиги ахIула.

***– Лъала, артистазул гIемерал кепал лъугьа-бахъинал ккола концертазда, гастролазда. Дур гьечIищ гьединазул бицине жого?***

– ГIемер рукIана гьединал лъугьабахъинал. РакIалда буго, цо даргиязул росдал клубалъул бащдаб тураб сценаялда, дир хьитил эгъе къан хутIана хъорщолъ. КечI ахIун бахъун хадуб, халатаб гордида гъоркь лъаларедухъ хьитги бахъун тун, рекъдичIого йикIине хIаракатги бахъулаго, нахъе ана дун. Бищун кепаб – концерталдаса хадуб балагьараз босун бачIана дир хьит гIарцулги цIезабун.

***– ГьабсагIат Каспийскалъул музыкалиябгун хореографиялъул лъайкьеялъул Гимназиялда вокалалъулги фортепианоялъулги дарсал кьола дуца. Щай сцена рехун тезе ккараб?***

– Тохтурлъун хIалтIулев дир бетIергьанчиясе бокьичIо сценаялда дица кечI ахIизе. Гьес хъулухъ гьабулеб букIана Чачаналъ, доба рагъулал тунка-гIусияздаса хадуб, хIалтIана травмотологлъун, ковидалъул туснахъгьарияздаса хадуб лъугьана инфекционистлъун…

Дие бокьуларо хасаб гIумруялъул бицине

***– ЦIалдолезе бокьулаха артистазул гIумрудул лъазе. Дур хъизан кIудияб бугищ?***

– ГьечIо. Нижер кIиго яс йиго, кIиялгоги Москваялда гIумру гьабун руго. Марьяна – Сеченовасул вузалда, Асият – финансазулгун юридикияб академиялда. КIиялъулго буго кечI ахIизе махщелги, амма хIалтIаби руго музыкаялдаса рикIкIадал. Эмен гьездаса рази вуго!

***Виолетта Ратенкова***



# Гьудуласул хIакъалъулъ рагIи

ГIажаибаб жо буго гIумру. ЧIаго рукIаго нилъ нечола гъудулзабазда, гIагаразда берцинал рагIаби абизе, амма гьел ратIалъидал, гьелда божизе кIоларого, нилъецаго ургъараб гIумруялда гъол аскIор ругел гIадин рукIуна. Дун ракI-ракIалъ божула чиясул рухI холарилан абураб жоялда. ГьитIинаб мехалдасаго божулаан. Лъиданиги кIвезе гьечIо дир пикру хисизабизе ва хваралго, лъалкIго течIого, нилъ тIубан тIагIунилан абураб жоялда божизайизе.

Сундул бицуней дун йикIарай? Гьа, нилъ цоцазда, нилъее хириял чагIазда лъикIал, берцинал, хIеренал рагIаби абизе нечолилан...

Исана 65 сон балаан махщел токIав хъвадарухъан, публицист, журналист, телевизионщик, лъикIав гьудул, коллега ГъазимухIамад ГъалбацIовас. Гьев нилъедаса ватIалъана захIматаб унтудаса хадуб, битIун творчествоялъул завалалда. Гьеб букIана кIудияб ками жив миллияб вещаниялъул директорлъун хIалтIараб РГВК «Дагъистан» телекомпаниялъе, ГъалбацIовасул радио, теле передачаби ва литература бокьулеб магIарул халкъалъе, таржама гьабун гьесул творчество цIалулел дагъистаниязе, тIолго Россиялъе.

Гьев вукIана, кинаб рахъалъ босаниги, уного-унгояв инсан: гьудул-

лъи гьабизеги лъалаан унго-унгояб къагIидаялъ, гIумру гьабизеги лъалаан гьединго. Киналъулъго щвалде щварав! РакIалде ккола, гьесул тушбаби рукIун ратаниги, гьев цIакъ рагIи бегIерав чи вукIиндал, гьезиегицин вокьулев вукIун ватулин ГъалбацIовилан. Гьединго, рикIкIен гIемерал гьудулзабиго гIадин, дунги чIухIулаан гьесдаса. Цо нухалъ дун кIалъана ГъалбацIовасухъе ва «Дун дудаса чIухIула» йилан абуна. Гьесда бичIчIана ва гьебсагIат: «Хамис, дуца дир тIехьищ цIалараб?» – илан суал кьуна.

Дие цIакъ бокьула ГъалбацIовасул творчество. Гьеб буго лъидаго релълъинчIеб, жиндие хасиятаб, кIудияб махщалида хъвараб. Хъвалаан къокъго, гъваридго, кечI гIадин. Гьес гIажаиблъи гьабулаан Л. Тостоясул хъвадаризе букIараб махщелалъе. Жинцагоги хIаракат бахъулаан гьединго хъвазе. Художествиял асарал гурелги, щибаб анкьил передачабазе тектсалгицин. Цо телепередача гIурусалде буссинабизе хIаракат бахъулеб букIана дица ва гIажаиблъи гьабуна гьесул хъвалеб къагIида, рагIабазул сверел, пикрабазул гъварилъи бихьун. Гьеб мехалъ бичIчIана дида, унгоги бихьиназ лъикI хъвалеб букIин. Гьев вукIана цIакъ лъай буги чи. Гьебги букIана нахъаса къотIи гьечIеб жиндаго тIад хIалтIиялда ва гIемераб жо цIалияллъул хIасил. Пединституталъул худграфги лъугIун, гьев цIалана Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институталда. Гьениб гьесда МахIачхъалаялдаса Эдгар Пойилан абулеб букIун буго. Хъвараллъул стилалъухъ, хаслъиялъухъ балагьун, бокьараб цIалулеб рагIараб классическияб асаралъул автор лъазе кIолаан ГъалбацIовасда.

ГъалбацIов вукIана литератураялъул рахъалъ Дагъистаналъул Пачалихъияб премиялъул лауреат, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан.

Гьесие цIакъ рокьулаан гIадамал ва гIадамазул рукIунел щинал хасиятазулъ бищун тIадегIанаблъун рикIкIунаан лъикIлъи гьабизе бокьи. Гьелдаса тIадегIанаб щибго гьечIилан ва: «ГIадамасул багьа яги цIайи буго жинцаго цогидазе кьезе кIолеб гIанасеб», – илан абулаан ГъалбацIовас. ЛъикIаб гIумруялъе гIоло гурила къеркьезе кколел, лъикIаб хвелалъе гIоло къеркьезе кколиланги абулаан.

ГъалбацIовас гьабуна цIакъ берцинаб гIумру, жиндаго ва цогидазда цебе ракIрагьараб, рекIелъ гъиз гьечIеб. Гьев эркенав вукIана пикрабазулъ, гьабулелъулъ, хъвалелъулъ. Гьес нилъее тана, живго дир гьудул ГъалбацIов гIадаб, берцинаб, борхатаб, тIадегIанаб творчество.

***Хамис Шамилова***

# Лъабго тIегь

Дун духъе вачIунаго, майданалда бижараб цо гьитIинаб тIогьоца дида гьарана:

– Дун тIе! Дун хьул буго! Дун тIе.

Дица гьеб тIуна. Дида ракIалде ккана, гьеб хьул дуе кьуни, дур гIумру бигьалъилилан.

– Дунги тIе! Дун анищ буго! Дунги тIе, – илан гьардана цойгиги тIегь, гьебго майданалда.

Дица гьебги нахъе тIуна. Дида ракIалде ккана дуе анищ сайгъат гьабизе.

Дуда аскIове гIагарлъулаго цойгиги тIегьалъ дида гьарана:

– Дунги тIе! Дун рокьи буго! Дунги тIе.

Дица гьебги тIуна. Дие цIакъ бокьун буго гьеб тIегь дуе рекIее гIезе.

Лъабабго тIегьги гIетIуца биччараб хъатикь ккун, дун духъе щвана. Лъабабго тIегь, нечоца холаго, духъе бегьана. Мун гьимана. Дуца гьел недегьго дихъа росана ва лъелъе риччана. Амма циндаго сверухълъи хисана. Дунги мунги тIаде ралагьун, цо тIегь бекана.

Дун, кьурун тIад вуссун, майданалде векерана. Дие бокьун букIана бекараб тIегь хисизе, цойгидаб тIегь тIезе. Дун майданалде щвейгун тIугьдул ахIдана:

– Дун тIе! Дун хьул буго!

– Дун тIе! Дун анищ буго!

– Дун тIе! Дун рокьи буго!

Амма мун, майданалъул рагIалда дихъги ялагьун, юцIун чIун йикIана. Дун вукIана майдан сверулев.

Дун гьанжеги вуго майдан сверулев. Дида лъалеб гьечIо бекараб тIегь хисизе кинаб тIелебали, лъалеб гьечIо доб лъабабго тIогьол кинаб бекарабали: хьулищ? анищищ? рокьийищ?






ВатIаналде къо ккедал
Къаданир чIун ратарал,
КъабихIал тушбабазда
БагIараб цIа бакарал,
ЦIияб гIумру нижее
Майилан, бахъун кьурал,
Кьалул багьадурзаби,
Даимаб нужее рецц!

Нуж ВатIан цIунулаго
ЦIадаре жанир ккарал,
Нус-нус тушман хIатIикь лъун
Ракьалде щапун арал,
Умумузул чIухIилъун,
БахIарзаллъун лъугьарал,
Гьайбатаб гIумруялъухъ
Даимаб нужее рецц!

*Шамил МухIидинов*

# Айида
# Примова-Къарахъанова



# «Спецназалъул эбел»

***Гьаб гара-чIвари бигьаяблъун букIинчIо. СВОялъул бахIарчи, Росгвардиялъул спецназалъул офицер, «Самур» – илан жиндир позывной букIарав, Запорожье мухъалда къадаралде щварав Руслан Примовасул эбел Айида Примова-Къарахъанова хIалицаго разилъана жиндирго камиялъул, эбелалъулаб къварилъиялъул, цойгидазе жиндицаго гьабулеб кумекалъул бицине ва интервью кьезе,***

***Нижеца баркала кьола гьеб бигьаяб гуреб хабаралъе къуват батарай чIужугIаданалъе ва божула, гьейго гIадал, цо параялда тIолабго жидер гIумру кIалагъоркье чIварал, улбузе ва лъудбузе Айидал ракIрагьараб хабаралъул кумек букIинилан.***

«Самур» ... Гьеб цIаралда гъоркь лъалаан гIолохъанчи цIиял гьудулзабазда ва рахIму гьечIел тушбабазда. Жиндие гIагараб Магъарамкент районалда бугеб гIоралъул цIар лъугьана Руслан Примовасул позывнойлъун.

– Васасулгун дир ахирисеб кIалъай лъугIана: «Кинабго лъикI буго, гIагарай эбел! Данделъиялдаса хадуб бицина нилъеца хабар», – илан гьесул каламалдалъун. Гьеб букIана 2023 соналъул 11 июль, 15:30 заман. Дида ракIалдецин бачIинчIо кIиго сагIаталдасан дир вас чIвазе бегьулилан абураб пикру! Гьесул хвалил дида лъана лъидасаго хадуб. Росдадаго лъалеб букIун буго... Дунин абуни рагъухъабазе гуманитарияб кумек, хурдузул чаял ракIарулей... Васасда телефоналъги кIалъан къватIие лъугьиндал, циндаго зоб накIкIул цIуна ва чваххунцIад бана. Гьеб лахIзаталда босун батила дир васасул рухI...

БетIергьанчи гьудулзабигун рохьов хIухьбахъиялда вукIана. Бергьенлъиялъул рахъалдасан борхулаго, хIалада лъараб гIадин, гьев гIод-гIодун виччан танилан бицана цадахъ рукIараз ...

Рокъое юссунелъул, дида рагIулеб букIана ахIи-хIур, амма бичIчIулеб букIинчIо кисан гьебали. Щвана аскIоегIан – кавабазда аскIоб бугоан хехаб кумекалъул машина. Ккана гьеб якьадалъухъе ахIараб батилилан, дидего ахIараб букIун буго. Рукъ цIун гIодилел гIадамалги, жанибе щолареб нухги... Дун божичIо, цо-кIиго сагIаталъ цебелъидалха дида васасул гьаракь рагIун букIараб. Лъугьана гьесде кьуризе, жаваб щвечIо, кIалъана бухьеналъул нухмалъулесде, гьес ритIухъ гьабуна кьогIаб хабар. «Кив вугев гьев?!» – ан ахIдезе лъугьана дун, васасул хъулухъцояс жаваб кьуна «Аида-ункъачу, Руслан дида цеве вуго...»

Жакъа къоялде щвезегIанги гьев гIолохъанчи намуслъун вукIуна дида доб кьогIаб хабар бицине ккеялдаса. Дир васас, жиндирго черхалъ вахчун, хвасар гьавурав васасин абуни, дида эбелилан абула, – йилан бицана гьелъ, хIалицаго гIадин магIуги ккун.

***– ХIалада лъан букIанищ къварилъи ккезехъин букIин?***

Доб къоялъ букIинчIо. ЛъагIелалъ цебе, отпускалъ вачIараб мехалъцин дица васасда гьарулеб букIана рагъде тIадвуссунгеян. Гьес дие жаваб гьабуна, дора ругезулги улбул ругин, кинин жив, офицер, цинги дозда бадиве валагьилеван. Дуе щибниги лъугьани, дида бадив щивха вала-

гьилевилан дун лъугьандал: «Дида кІоларо нахъвуссинчІого вукІине…» – ян кІалъазего йиччачІо гьес. Гьесул шевроналда хъван букІана: «ХІалтІулев вуго, вац!» – илан. Гьедин нижеца нухда регІана вас.

Къварилъи ккелалде цебе, дида макьилъ бихьана Русланил бетІер лъукъун, доб хадуб гІарададул гуллил кесек щвараб бакІ. ЦІорораб гІетІ бан, йорчІана. Эбелалъул ракІалъ бицунеб букІун буго къварилъи ккезехъин букІиналъул…

Вас камиялъул унти гІодоцинчІо, гІодоцинеги батиларо, хвезегІан гьеб унтигун хутІила дун гьанже…

***– Киндайха гьеб ккараб?***

– Гьесул рагъулал гьалмагъзабазул рагІабазда рекъон, Минобороналъул рагъулал частазул командниял пунктазул цоялда ВСУялъ щвезабуна ракетабазулаб кьаби. 20 минуталдасан гьеб бакІалде медикиябгун эвакуационияб къокъагун щола спецназалъул командир, майор Руслан. КІиабизеги кьаби щвезабизе бугеб хІинкъиялъулги бичІчІун, гьес хІукму гьабула лъукъарал хІинкъи гьечІеб бакІалде раччизе, живгоги жувала тІоцебесеб медицинаялъулаб кумек гьабизе. Жиндирго гІумруялъе хІинкъигун кІигоял нахъе раччула. Къокъа хІинкъи гьечІеб бакІалда паракъалъидал, Руслан нахъвуссуна ва хъархъалъ ватула бохх лъукъарав солдат. Ругъун бухьун, промедолалъул укол гьабун, дов тІаде вахъинавулеб лахІзаталъ цоги кьвагьи бахъуна. Жиндирго черхалъ лъукъарав солдатги вахчун, досул гІумру хвасар гьабула Русланица…

***– Васасе офицерлъун вахъине лъимерлъудасангойищ бокьун букІараб?***

– У. Гьев гІуна ритІухълъи бокьулевлъун. ЛъикІ цІалулаан, бокьулаан спорт. Руслан хъизаналда цІикІкІарав вукІана, нижер кІиго ясги йиго. Мисалияв вас, т1алаб-агъаз гьабулев вац… Офицерлъун вахъине гьесул анищ гьитІинго букІана.

2010 соналъ гьев лъугьана цІализе Россиялъул миллияб гвардиялъул аскаразул Пермалда бугеб рагъулаб институталъул техникаялдалъун хьезариялъул факультеталде.

ЛъугІун хадуб витІана Астраханалде отрядалъул техобеспечениялъул взводалъул командирлъун. 4 сонил ракІбацІцІадаб хъулухъалъул хІасилалда, ихтияр щвана спецназалъуласул тІокІлъиялъул тІадегІанаб гІаламатлъун кколеб багІараб тІагъур лъезе. Гьев тІамуна къокъаялъул командирлъун, тІоцересел къояздаса нахъего гІахьаллъи гьабуна СВОялда. Рагъулаб хъулухъ тІубалаго бихьизабураб бахІарчилъиялъе ва къохІехьеялъе гІоло мустахІикълъана Бах1арчилъиялъул орденалъе.

Капитан Примовас цадахъ нухда регІана «Азовсталь», «Им. Ильича» заводаздаса ВСУялъул 2000ялдаса цІикІкІун рагъулав асиргун 12 колонна. Гьеб захІматаб масъала тІубазабуралъухъ гьесие цебеккунго кьуна «майорасул» цІар.

– Хъулухъалъул заманалда гьев вокьана цадахъ хІалтІулезеги гІадатал гІадамазеги. Гьес кумек гьабулаан лъималазе, лъимал гІемерал хъизаназе, херазе. Бихьизавуна гьес жиндирго сахаватлъи Дагъистаналъ шефство тІад босараб район – Молочанскалдаги. Гьев чІван хадуб, гьениб лъуна ракІалдещвеялъул мемориалияб хъарщи. Руслан цІакъго гІемер ракІалде щола Морковкиназул хъизаналда. Гьезул микьго лъималазе гьев лъугьун вукІана жал цІунулев малаиклъун. Запорожьялъул Бердянский районалъул Осипенко росдал бетІер Юлия Отришкоца жиндирго гІумрудул ахІилъун росун руго Росгвардиялъул майор «Самурил»: «Нилъеда тІуразе кІоларел масъалаби гьечІо», – ян абурал рагІаби.

– Россиялъул аскараз эркен гьаридал, Украинаялъул рахъ кколез нижеда кІалал гьикъулел рукІана: «Бихьилин-цо оркал рачІиндал, гьез нужее бачунеб наку», – ян. Циндаго нижер администрациялде жаниве лъугьун вачІана хІеренаб гьимигун, чергесав, къамартІав гІолохъанчи.



Русланилъ рукIана Россиялъул солдатасулъ рукIине кколелщинал хасиятал – борчалъе ритIухълъи, къадру ва чилъи, – ян бицана Юлияца дандчIваялда.

Эбелалъ цIунун буго рокъоб-музеялда васасул къайи-цIа. Русланил рокъоб щибго хисун гьечIо. Гьев чIаго вугеб мехалъ гIадин буго кинабго.

– У, Русланил рукъ сверун буго музеялде. Дие гьадин бигьалъиги буго. Щибго рехуларо гIодобе. Парталалда буго гьесул бокьулеб одеколоналъул махI, – илан угьун биччана эбелалъ. – Гьаниб бакIарун буго кинабго: тIоцересел тетрадалгун сураталги, шапакъаталгун дневникалги, «талихIал» гурдалги, выпускникасул лентабиги, жилет, телефон, документал, рагьараб «Саваж» духиялъул шиша, кIиго БахIарчилъиялъул орден ва багIараб берет – гьесул, дун тун батIиял хъвазе риччалареб букIараб, хазина...

ГьабсагIат Айидал ракI чучулеб буго гIицIго цо ишалъ – СВОялъул гIахьалчагIазе ва чIваразул хъизаназе кумек гьабиялъ.

– Росула кванил нигIматал, медикаментал, цойгидаб хIажатаб къайи-цIа ва волонтералгун битIула нилъер васазе. Божула, гьел сах-саламат бергьенлъигун рокъоре руссиналда, – ян ракI чIезабулеб буго «Спецназалъул эбелалъ» (гьеб цIар Айидае кьуна васасда цадахъ хъулухъ гьабулел рукIараз).

Дагьаб цебегIан, жийго Запорожьялдеги ун, гьей дандчIвана васас кумек гьабулел рукIарал хъизаналгун, рикьана лъималазе сайгъатал.

Айида гIемер дандчIвала Русланил рагъулал гьудулзабигунги. Щибаб видеосообщениялда гьезги рагIи кьола гьалъие «Самурихъ» рецIел босилилан!

***Росгвардиялъул спецназалъул офицер, майор Руслан Примов, гьесул хъизаналъул чагIазда, гьудулзабазда, гьес хвасар гьарурал гIадамазда гуревги, тIолалго дагъистаниязда ва россияназда ракIалда хутIизе вуго.***

***Виолетта Раттенкова***



***Тарихиял гIелмабазул доктор, профессор, Дагъистаналъул ва Россиялъул гIелмабазул мустахIикъав хIаракатчи, Гъудуллъиялъул орденазул кавалер, Дагъистаналъул тарихалъул хIакъалъулъ хъварал гIемерал тIахьазул автор Амри Рзаевич ШихсагIидовасул (1928-2019) цIар лъала нилъер республика ва улка тун къватIибцин. Амма лъабкъоялда анцIгогIан соналъ рохелги къварилъабиги гьевгун рикьарай, гьесул гIумруялъул гьудуллъун йикIарай лъадул лъала гIицIго гIага-божаразда.***

# ГIумру цадахъ арай

ШихсагIидова (Давыдова) Рэя Сергеевналъул хIакъалъулъ буго нилъер жакъасеб бицен. Эмен – осетияв, эбел – гIурусай, Ленинградалда гьаюрай ва гIурай гьелъ ракI-ракIалъ къабул гьабуна Давгъистан ва лъугьана унго-унгояй дагъистанияйлъун.

Рэя Сергеевналъул хIакъикъияб инсул цIар Георгиевна ккола. Гьелъул гIумрудул букIун буго гIицIго ункъго сон, эбел-инсул нухал рикьидал: эмен витIула улкаялъего кIвар бугеб завод базе, эбел цIалулей хутIула Ленинградалда. Заманалдасан ясалъе отчестволъун кьола бесдал инсул цIар…

РикIкIадаб 1936 соналъ Рэя йитIула Лениградалъул Петроград районалъул № 2 школалде цIализе. Рагъ байбихьараб мехалъ гьей йикIуна щуабилеб классалда. Гьеб ригьалда хIехьезе ккола ясалъ блокадаялъул хаселги. 1942 соналъ гьей эвакуациялда йитIула Сталинградалде, хадуб гьеб шагьаралдеги тушман гIагарлъидал – Удмуртиялъул Воткинск шагьаралде. Гьений Рэя ячуна №I7 школалде, тIамула школалъул газеталъул жавабияй секретарлъун.

Ленинградалъул блокадаялъул хIакъалъулъ гьелъул ракIалдещвеял рахъун руго «Рагъалъ къвагъараб лъимерлъи. Дагъистан. 1941–45сс. РакIалдещвеял» абураб тIехьалда.

1944 соналъ Рэя тIадюссуна Ленинградалде ва 1946 соналъ лъугIизабула №335 школа. Гьебго соналъ цIализе лъугьуна Ленинградалъул Пачалихъияб университеталъул БакътIерхьул факультеталъул турказул отделениялде. Цин, гьудулгун цадахъ, гьелъие бокьун букIуна ТIолгороссиялъул художествабазул Академиялде, И. Репинил цIаралда бугеб живописалъул, архитектураялъул ва скульптураялъул Ленинградалъул институталде лъугьине, амма гьениб ясазда нуж цудунго ккун ругин абула. Васильевский чIинкIиллъиялда аскIобго букIараб ЛГУялъул БакътIерхьул факультеталде мацIал лъазаризе къокъуна цинги ясал.

Гьенив дандчIвала Рэяда, рикIкIадаб ва балъгояб Дагъистаналдаса умумузул ирс босун гIараб мацI лъазабизе шималияб тахшагьаралде вачIарав, Амри. Гьенир гьел машгьурал академикал И.Ю. Крачковскиясда, И.А. Орбелида, В.В. Струведа, В.М. Жирмунскиясда, профессорал В.И. Беляевасда, А. Ю. Якубовскиясда, А.А. Фрейманида ва гь.ц. цере цIалана.

1951 соналъул маялда Рэя Давыдовалъ тIокIлъигун цIунана «Положение национальностей в современной Турции» темаялда дипломалъулаб хIалтIи. Гьебго соналъул августалъ, выпускниказе дипломал кьун хадуб, Амрица абуна Реяда, жиндиеги ячIун, Дагъистаналде йилълъаян. «Радалкъо къасимехалдаса цIодораб», – ин кициялдалъун жаваб гьабула курсцоясе Рэяца. Нахъисеб къоялъ 11-ялда Дворцовияб майданалда дандчIвазе къотIи гьабула гьез.

Амри сордоялъго кьижун вукIунаро. Кьижуларо Рэяги. Ленинград бакьулъ эхетарав гIолохъанчи рахIатхун вукIуна… 11 сагIатгун анцIго минут… 11:15…. «ЯчIуней гьечIо. Цодагьалъги валагьун чIела». Майдан цIезе лъугьуна, жакъа дипломал кодор ккурал, сонисел выпускниказ. 11 сагIатгун 25минут… Нахъе ине хIа-



дурулаго, Амрида бихьула жиндир рахъалдехун бачIунеб лъалеб гIадаб багIараб тIагъур. Гьей йикIуна, эбелалъул насихIат щварай, Рэя, гIадамазда гьоркьосан жинцаго ракIалъ вищарасул рахъалдехун ячIуней. Къвалалги ран, рохуца холаго гIолилал уна вокзалалдехун, 68 соналъул талихIаб букIинеселде билет босизе.

Рэя Давыдовалъул гIумру бикьана Дагъистан лъалелде ва лъан хадуб бутIабазде. «Щибаб остановкаялда гIадамаз нижее босун бачIунаан чед, релъарал гIанкIудал ханал, гъаран-пер. Проводницаялъ нижее кьолаан дагьаб гьуинаб чай, доб мехалъ чакар гIемер букIинчIо. Квеш-лъикI щвана Белиджиялъул станциялде».

ТIоцебесеб иргаялда Амрица Рэя ячана Къасумкенталде, жиндирго эбел Ханум ШихсагIидовагун лъай-хъвай гьабизе. ДандчIваялда Ханум-бах гIодун йиччан тана. Гьеб букIана рохалил магIу. Къварилъиялъул магIу гьелъул гIумруялда гIураб букIиндалха: 1930 соналъ 37 сонил ригьалда хун вукIана гьелъул бетIергьанчи Рза ШихсагIидов, Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул тIоцевесев Нарком. 1942 соналъул ихдал бачIана гьалъул цIикIкIарав вас лейтенант Аскер Матвеев Курганалда гъоркь чIванилан чIегIераб кагъат. ГIодилеб букIана тIолабго росу. 1943 соналъул 12 февралалда Краснодар краялъул Крымская станица бахъулаго чIвана гьоркьохъев вас Атем.

Рэя Сергеевналъул ракIалдещвей: «Ханум Агъамирзаевналъ цIакъ хинго къабул гьаюна дун. Нахъисеб къоялъ, больницаялде, жийго хIалтIуде унелъул, Амриги хIалтIул суалалъ райсоветалде ун вукIанин ккола, мадугьалалда тIадкъан тун букIун буго дихъ хал-шал гьабеян, гIагараб рукъалдаса рикIкIад дун пашманлъичIого йикIинеян. Гьеб лъарай дун, йохиялъ, жеги цIакъ гIодун йиччан тана. Эбелалъ дида малъун букIана: «Мун квеш къабул гьаюни, хIехьоге, нахъюссун ячIа», – ян. Дие абуни ШихсагIидовазул рокъоб тIоцебесеб къоялдаса нахъе цIакъ лъикI букIана ...

Дида ракIалда буго дир гIумруялда тIоцересел лезгиязул пурщаби афараралъул ва хьран чадил тIагIам. Дие гьел рукIана кутакалда тIагIамал нигIматал. Кьижилалде цебе дица кидаго кваналаан пурщинадул кесек. Рагъул ва рагъда хадусел ракъарал соназул асаргIаги батила, гьеб кванайдал дун бигьаго ва парахатго кьижун кколаан.

КватIичIого цIиял бахIарал рахъана МахIачхъалаялде. Цин ккун букIана гьитIинабго рукъ, хадуб, гIолохъанал гIалимзаби хIисабалда, гьезие кьуна Каспийская (гьанже Хашаева) къотIноб финазул рукъзабахъ жанир чIезе бакI. Гьенир ШихсагIидовал рукIана Ленинградалдаса цоги рос-лъади Владимир ва Валентина

Котовичазда цадахъ. Гьел рукӀана Дагъистаналъул археологияб гӀелмуялъе кьучӀ лъурал, хадуб машгьурал археологаллъун рахъарал чагӀи.

Амрицаги Рэяцаги гьеб гьитӀинаб, амма жанир ругезул лъикӀлъиялъ, хасаб хинлъи ва рахӀат кьолеб рокъоб тӀамуна жидерго халатаб ва талихӀаб гӀумру.

СССРалъул гӀелмабазул Академиялъул гӀолохъанаб Дагъистаналъул филиалалъе хӀажат рукӀана лъикӀ хӀадурарал махщалил кадрал. Нилъер бахӀаразги жидерго гӀумру гьебгун бухьана. 1951 соналъул ноябралдаса нахъе Рэя хӀалтӀана СССРалъул АНалъул Дагъистаналъул филиалалъул ГӀелмияб библиотекаялъул кӀудияй библиотекарлъун, цинги – кӀудияй гӀелмиябгун техникияй хӀалтӀухъанлъун, тарихалъул, мацӀалъул ва литератураялъул Кверзул фондалъул заведующийлъун, I959 соналдаса нахъе – гӀелмияй хӀалтӀухъанлъун. 40 соналъ хӀалтӀана гьей СССРалъул АНалъул Дагъистаналъул филиалалда, хӀалхьиялде ун хадубги бухьен къотӀизе течӀо гӀагараб институталъулгун.

Рэя Сергеевна ШихсагӀидова ккола гӀемерал гӀелмиял захӀматазул автор. ГӀемерсаназулаб ракӀбацӀцӀадаб хъулухъалъе гӀоло, гьей кӀодо гьаюна «ЗахӀматалъул ветеран», «Санкт-Петербургалъ 300 сон тӀубаялде» медалаздалъун, «Блокадаялъулаб Ленинград», «Фашистаздаса Ленинград эркен гьабиялъухъ» хӀурматалъул гӀаламатаздалъун, грамотабаздалъун.

Университет лъугӀун хадуб Амрица ва Рэяца бухьен течӀо цадахъ цӀаларазулгун (гьезул гӀемерисел рахъана дунялалдаго цӀаррагӀарал гӀалимзабилъун ва доктораллъун). Курсцоязда гьоркьор къогоял рукӀана блокадаялъул, ичӀгоял – рагъул гӀахьалчагӀи. БатӀи-батӀиял шагьаразде рикьа-къотӀун рукӀаниги, гьел гӀемер рачӀунаан гьалбал хирияб ШихсагӀидовазул рокъоре, ракӀалде щвезабулаан рагъда хадусеб гӀолохъанаб заман, гъираялда щолаан Дагъистаналъул берцинал бакӀазде.

Гьезул курсцояй Светлана Горшковалъ гьадинаб кечӀгицин хъван букӀана:

*ГьечӀо гьудуллъигӀан щулияб бухьен*
*Гьелъие гьа бана ниж кинацаго,*
*ТӀолго Союзалъул рахъ-рахъалдаса*
*Данде гьаруна ниж Дагъистаналда!*
*Нижее гьаб улка некӀо бокьана,*
*Расулица кочӀолъ беццараб букӀун.*
*Рэягун Амрица сайгъат гьабураб,*
*Ниж рохарал руго мун лъаялдаса!*

Рэя Сергеевна ва Амри Рзаевич ШихсагӀидоваз нахъа тана цадахъаб 68 сонил гӀумрудул нух. 2019 соналъ Аллагьасул къадаралде щвана Амри Рзаевич. ТӀолалго гьел халатал соназ Рэя Сергеевна йикӀана гьесул кумекчӀужулъун, рукъалъул гъанситухъ цӀа ссвине толарей гьудуллъун. Ва пикру бачӀуна: Амри Рзаевич додинав машгьурав гӀалимчилъун, тарихчилъун вахъиналъулъ, гьесулгун гӀумру цадахъ арай, канаб цӀва гӀадай Рэя Сергеевналъулги бергьараб бутӀа бугилан.

***Саид ХӀажиев,***
***Россиялъул журналистазул***
***Союзалъул член***



Луиза
Шахдилова

# Щибаб роль – цIияб гIумру

***Бокьарай актрисаялъ гуро абулеб жиндие театралда ролазе, цадахъ хIалтIулезе, режиссеразе битI кканилан. Цо-цоял хIинкъула бер ккелилан, цогидаз рикIкIуна жидер гъунаралъе мустахIикъаб къимат кьун гьечIилан...***

Луиза НухIовна Шагьдилова, Дагъистаналъул Халкъияй артистка, Э. Капиевасул цIаралда бугеб Тумазул музыкалиябгун драмаялъул театралъул артистка йиго харбие тIадагьай, сценаялда гвангъарай ва ракIалъ йосулей инсан. ЧIурканай, къамартIай Луизаца гьале 40 гIан соналъ балагьарал асир гьарун руго драмаялъулал, комедиялъулал ва лирикиял ролал хIалаго, жиндирго актерлъиялъулаб махщалица.

Гьей хIалтIулей йиго тумазул театралда I986 соналдаса нахъе хисичIого ва кIудияб рокьигун. Луиза Шагьдиловалъ гара-чIвариялда рагьана жиндие комедиялъулал спектаклязда хIазе цIакъ бокьулилан. Бищунго жиндие рокьулел ролазул цояблъун гьелъ рикIкIунеб буго А. Цагарелил «Ханума» – ялдаса Къабатол роль. Гьелъухъ кьун буго гьалъие Владикавказалда тIобитIараб миллиял театразул халкъазда гьоркьосеб фестивалалда «Бищун лъикIаб руччабазул роль» номинациялда премиягун диплом.

– Дун балагьун чIун йикIуна цодагьалъ гъалмагъир гьабизе рес кьолеб гьеб спектаклялъухъ, – ан бицана артисткаялъ. Гьей гъираялда хIалей йиго комедиязда (М. Митровичил «Сардида бикъа-хъами» – ялда Илонкал, С. Увайсовасул «ГIалиги Леньги» – ялда Леналъул, А. Портесил «КIалагъоркье буссараб рукъ» – алда Леонсиял, В. Эфендиевасул «Анищазул ицц» – алда Сонял).

– Дие бокьула комедиязда роль хIазе, амма дие цIикIкIунисел драмаялъулал ролал кьола.

– Кинаб дуе бищун кIвар бугеб роль кколеб?

– Дагьаб цебегIан дица хIана Чингиз Айтматовасул «Эбелалъул хур» къисаялдасан лъураб спектаклялда, анищалдацин цебе чIолеб букIинчIеб, Толгонайил роль. Дие цIакъ бокьула эбелалъул чохьол бухIигун, ракI унтун цIализе кколеб Толгонайил монолог. Гьеб, нижерго мацIалдеги буссинабун, дирго цеерахъиназдацин хIалтIизабизе бокьун букIана дие. Бихьизабизе ккола «Эбелалъул хур» Ч. Айтматовасул, рагъул хIакъалъулъ бицунеб, кIудияб гьечIеб къиса букIиналъул.

Луиза Шагьдиловалъ хIарай Толгонай ва тIолабго актеразул къокъа мустахIикъаб буго тIадегIанаб реццалъе! Эбел – чIужугIаданалъул кIвар бихьизабун зал цIун ахIулеб кечIго гIадинха: «Хер гьечIелъубтIегь, лъим гьечIелъуб-ицц...». Рагъулги хвалилги кьогIлъиги, рагъде аразухъ чIалгIенги эбелалъ бикьулеб буго Хуралде. Хур кколеб буго Толгонайил бищун ракI чучулеб гьудулги хабаргIахьалги. ХIалтIи – рагъ байбихьизегIан рохел, хIалтIи – рагъда ккарал камиял бигьа гьабулеб къагIида, хIалтIи – лъикIаб букIинеселде хьул...

Рагъ! Нилъеда рагIуларо кьалул хъуй, кьвагьа-гъанхъи, амма гьеб аскIоб буго, гьеб, рагъде Толгонайил



вас вачун унеб эшелонлъун ана гьелъул рекIеда гъорлъан... Рагъ аскIоб буго, хвалилаб тунка-гIусиялде унелъул къо-лъикI гьабулеб васасул кагътидалъун. Ахирисеб ролъул мугь бекьизе кьолел, цIорораб ракь газаялъ тIезабулел руччабазда аскIоб, щибаб рокъоб, щибаб хъизамалда. Рагъ – чIунтарал хьулалгун анищал, хвел...

Амма йиго Эбел! ТIолго инсаниятальул Эбел ва Эбел-ракь! Буго лъикIаб бачIин щвезелъун гIужда бекьизе кколеб эбелалъул хур...» – илан абулеб букIана балагьараз Луиза Шагьдиловалъул хIай бихьидал.

– ЧIужугIаданалъул къуват гьелъул загIиплъиялъулъ бугин рикIкуна цо-цояз. РекIелъ ракьа бугел руччабазул роль хIалелъул, дие захIмат букIуна дилъго гьединал хасиятал ралагьизе.

Кинаб роль дуе бищун гIагарабльун букIарабилан гьикъидал, Луиза Шагьдиловалъ Къуркълиса Щазал роль рехсана. Луиза НухIовналъ хIаралщинал ролал ракIалда чIола хасиятазул рекIелъе ротиялъ.

К. Мазаевасул «Удрида ункъачу» спектаклялда гьелъул Зунзулил сипат ккола аза-азар мугIрул руччабазул намусаб хасият. Нечарай, сабурай, тIоцебесеб ригьнада битI ккечIей Шагьдиловалъул Зунзул хIинкъун йикIуна кIиабизеги талихIалъул хIал бихьизе ва вокьарасае рекIел хIал рагьизе.

Расул ХIамзатовасул «ГIумруялъул гьоко» музыкалияб спектаклялда Луиза Шагьдиловалъ хIалеб буго Гьересиялде данде багъулеб ХIакъикъаталъул роль. Гьебго постановкаялда Шагьдиловалъ ахIараб «ЧIегIераб шал» кечIалъ асар гьабичIевги хутIуларо залалда.

Актрисагун гара-чIвариялда нижеца бицана кин зритель хисун вугевалиги.

– Ахираб заманалда зритель лъай бугевлъун лъугьун вуго. ГIадамал гъираялда рачIуна спектаклязде, кидаго гIадин, гъункун цIун букIуна залги.

Луиза Шагьдиловалъ рихьизарурал батIи-батIиял сипатазул бицани, рехсечIого гIоларо У. Шекспирил «Ромео ва Джульетта» асаралдаса сеньора Капулеттил сипат гьелъ махщалида рагьараб куцалъулги.

Г. Лоркил «Бернарда Альбал рукъ» – алда Амелиялги, Ц. Камаловасул «МуртазгIали хан» – алда Итаргулги кIиго батIияб ролалда Шагьдиловалъ, жиндирго махщалица, балагьаразул ракIчIезабуна гьел хIакъикъиял образал рукIиналда.

Луиза жийго гIицIго театралъул актрисалъун рикIкIаниги, гьелъул кечI ахIизе бугеб махщалицаги берцин гьарула байрамалъулал концерталгун поэзиялъул сардал.

– КечI ахIулев актер, дир пикруялда, лъикIав вукIуна живго вокалистасдаса, щайгурелъул нижее щибаб кечI ккола спектакльлъун. Дун гъираялда гIенеккула тахшагьарлъул театразул дир пишацоял актераз кечI ахIулелъул.

Жакъа Луиза Шагьдилова ккола гIемер республикаялъулаб кIваралъул, Бергьенлъиялъул, Конституциялъул къоял гIадал ва гь.ц тадбиразул солистка-вокалистка. Гьелъ



гIахьаллъи гьабуна Осетиялда тIобитIараб «Сцена гIорхъи гьечIого», Ф. Волковасул цIаралда Ярославлялда, гIурус театразул Дагъистаналда тIоритIарал халкъазда гьоркьосел фестивалазда, «Маданият – росабазул лъималазе» Дагъистаналъул культураялъул министерствоялъ тIобитIараб проекталда.

«Сцена гIорхъи гьечIого» абураб халкъазда гьоркьосеб фестивалалда бихьизабураб «Бернарда Альбал рукъ» спектакль рикIкIун букIана фестивалалъул «Бищун лъикIаб спектакльлъун». Луиза Шагьдилова Дагъистаналъул театралияб искусство цебетIезабиялда лъураб бутIаялъухъ кIодо гьаюн йиго Дагъистаналъул культураялъул министерствоялъул ХIурматалъул грамотаялдалъун, Президентасулаб стипендиялдалъун.

Гьелъул гIахьаллъигун спектаклял рихьизаруна Астраханалъул, Нальчикалъул, Бесланалъул, Владикавказалъул зрителазда ва гьезие щвана тIадегIанаб къимат.

Гьелдаго цадахъ, Луиза мукIурлъулей йиго жинда киданиги актрисалъун яхъине ракIалда букIинчIилан. Гьелъул анищ букIуна учительлъун яхъине, цIалун лъугIизабула ДГУялъул юрфак. РакIалда гьечIого ккана гьедин – гьалда гьарана сценаялда хIазе хIалбихьизе яхъаян. Луизаца хIалбихьана ва гьей рекъон ккана Тумазул театралъул труппагун.

– Дир лъугIи гьечIеб баркала буго, дир актерлъиялъулаб нухлул байбихьудаса бахъараб, дунгун рукIаразе, – ян абулеб буго актрисаялъ. – Жакъа театралде гIемер рачIун руго гIолохъанал, гьунар бугел актерал. Гьел руго гьудулъи гьабизе лъалел, адаб бугел, цIодораб гIолохъанаб гIел!

Гьалъул жиндирго чанго анцI-анцI соназулаб гьудуллъиялъул бухьен буго, чанги сценаялда цадахъ хIазе ккарай, Дагъистаналъул Халкъияй артистка Саният Рамазановагун.

***Жиндирго хасаб гIумруялъул бицине Луизае бокьуларо, бицана гIицIго жий кIиго ясалъул ва кIиго гьезулги лъималазул талихIай эбел ва кIодоэбел йигилан.***

***Творческиял планазул бицани, Луиза Шагьдиловалъухъ ралагьун руго цIиял ролалги сольниял концерталги.***

***Виолетта Ратенкова***



# КвацIи

Гордаздаги кIетIолаго, радалго балеб букIана цIад. Гьелъ дир жакъасел киналго планал хвезаруна. Гьединлъидал, гьабизе жо лъаларого, тIубараб сагIаталъ рокъов женежедилев вукIана дун. Эбелалъ цоги нухалъ гьарана дида чердакалъуб гIадлу-низам гьабейилан. Цадахъ дирго кетоги бачун, гъираго гьечIого, дун гьениве вахана.

– Вууу гьай, гьаб басрияб магъакь-кIачар кибе балеб?! – илан ахIана дица эбелалъухъе, амма гьелда дир гьаракь рагIичIо. – Гьаб щибизе къваригIараб? Кинабго къватIибе рехизе ккола! Аб щай батIа гьабизе кколеб?! – илан дунго диего мекъдарилев вукIана дун, эбелалда абун пайда гьечIолъиги лъан. Дида цере рукIана кIудиял коробкаби, кьер арал, тIад ретIел бухьарал квербацIал, басриял, хIурул цIурал чемоданал. Дун гьеб киналъулго хал-шал гьабизе лъугьана. Камураб жо букIинчIо гьениб: дир расанкIаби, ретIел, хьитал, гIинги тIураб дир гIанкIгицин. ГIанкIалда бер чIвайдал, дир кето, гьодги гургин гьабун, хьирхьидана. Дида ракIалде щвана гьеб гIанкIгун дунго кьижулев вукIарав куц, вацгун кигIан расандарал, рагъилагоги чан бахъараб. «Унгоги кинаб гьудулха дир гьаб гIундул-

халат букIараб», – илан пикру гьабуна дица. Кето нуцIихъе кIанцIун ана ва гьеб нуцIида тIад полкаялда лъураб, цогидаздаса тIубанго батIияб чемоданалда дир бер речIчIана. «Гьале доб унго-унгояб антиквариат», – илан пикру гьабуна дица ва босана гъоркье. Гьеб бигьаго рагьун бачIана. Жанир ругоан, рагъул форма ретIарал, дида лъаларел чагIазул суратал, тIогьилаб гIекIмацIги бугеб бицатаб рачел, чанго маххуда бахъулеб чаран, басрияб кьер чIвараб пилотка ва багIараб лентаялъ бухьараб бакъвараб тIугьдузул квацIи. КвацIи дица квер хъварабго хъурун ана. Квералги кIутIа-сутIун, росун сураталгун, дун чердакалъуса гъоркье лъугьана.

– Баба! Мун кий йигей? – илан ахIана дица. – Гьал суратазда ругел чагIи щал?

Эбелалъ, ханждал цIурал квералги чурун, очкаби рана. Суратал кодоре росаралго гьелъул берал магIил цIуна.

– Гьав вуго дир бищун лъикIав имгIал Нисаламамаев МухIамад. – илан абуна гьелъ сородулеб гьаракьалъ. – Хехго ана ав нилъедаса! Я хъизан гуро, я лъимал гуро, хехго ана… – йилан магIу бацIцIана гьелъ.

– ВахI! Гьав дов инсуца дие бицунев вукIарав МухIамадищ? Рагъдаги вукIарав… Доб нилъер гъутухъалда жанир медалалги ругев?

– Уха, дир вас, у, – йилан бетIер гьанкIезабуна эбелалъ, – гьевха эв!

– Сураталда цIакъго гIолохъанав вугоха. Цодагьав дидаса кIудияв ватила…

– КIудияв вуго. ГIемер кIудияв гьечIоха. Ав фронталде тIурун анаI6 сон барав чи. Лъукъ-лъукъун рагъдаса тIадвуссун вачIараб мехалъ гьесие 20 сон букIана. Мадарго лъугьинчIо. Планал рукIана, мадар лъугьарабго чIужу ячине. Йокьарай ясги йикIана. Амма Аллагьасул хIукму батIияб букIун буго, хвана, хадуй холей херай эбел, дир бищунго йокьулей дахIабаба Асиятги тун, – илан захIматго угьун биччана гьелъ.

Дун цIидасан чемоданалда хадув чердакалъуве вахана ва, бацIа-бакун, бехъерхъана дирго рокъобе. Чанго нухалъ кодобеги босун, щибаб сураталъухъ лъикI валагьана. Дир ракI къватIибе кIанцIизе хIадурун букIана. Бералги къанщун, дица хIаркат бахъана гьев чIагояв цеве чIезавизе. У, гьев вукIана дир бахIарчи, гьитIинаб мехалдаса нахъего дида бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ рагIарав.

Кьижун кколагоги дун: «Гьадаб квацIи щайдай нахъе цIунун букIараб? Эбелалъдай дацие гьеб сайгъат гьабураб, яги дой йокьун йикIарай ясалъдай?» – йилан пикрабалъ вукIана.

РогьинегIан макьилъ дун рагъда вукIана: кьвагьулел гIарадаби, кIкIуй тIад бетарал ролълъул хурзал… Риччалъго гIадин вугев дида цо лъаларев чиясул гьаракь рагIана: «Дие заман гIечIо, бичIчIулищ, кватIана! Дуца кье квацIи! Дир квацIи! Воре кьечIого тоге!»

Дун ворчIана ва тирщун тIаде вахъана. ХIинкъи. КвартIица бухулеб бугеб гIадин бетIер, бакъван щекъер-мукъулукъ… Дун рокъосан дове-гьаниве вилълъунев вукIана, хадуб хIаракат бахъана, гIодовги чIун, дунго гIодове виччазавизе. Заманалдасан хIинкъиги ун, гIажаиблъи гьабизе бачIана: «Дов дида кIалъалев вукIарав чи щив? МухIамад дацийищ? Хварав?! Лъие доб квацIи кьезе кколеб? Лъие? БичIчIуларо».

Къоял унел рукIана. Дида гьеб лъугьа-бахъин цодагьаб кIочонцин тана. ТIаде щвана их. Берецинал ихдалил тIугьдуз къачIан букIана сверухълъиго. Дунги гьудулзабигун тира-сверизе къватIиве вахъана. Дир талихIалъе гIорхъи букIинчIо

нижерго классцоял Марьямги Айзанатги дандчIвайдал. Дие гьитиIнаб мехалдаса нахъего рекIее гIолаан Айзанат. Абизе бегьула, дир гьелъухъ рокьи ккун букIаниланцин.

ГьабсагIатги гьелъул гIурччинал бераз ва недегьаб гьимиялъ дир ракI хIалуцун кIетIезе тIамуна. Цо гьаригун нижедехун гьей кIалъайдал, вохиялъ, дида байбихьудасан гьелъ абулеб рагIизего рагIичIо. ЦIидасан цIехедал бичIчIана гьелъ гьарулеб букIин жинда цадахъ хабзалахъе рилълъайилан, гьелъул ункъгIалалъул хабадаса хер бецизе кумекалъе.

– Дунго инеги хIинкъулей йиго, васалги нижер гьечIо, цохIо ясал руго… ДахIабабаца некIогоялдаса гьарулеб буго, – ян абуна гьелъ нечадго гIодоеги къулун.

Ниж ургъизецин ккечIо. ГьебсагIат разилъана гьелъие кумек гьабизе.

Унгоги хоб чIахIилъ тIерхьун бугоан, зонода бугеб суратгицин бахчизабун. Кинабго бацIцIад гьабун бахъиндал, ниж киналго цIорон хутIана: хабал зонодасан нижехъ ялагьун йикIана нижер классцояй Айзанат. У, Айзанат! Ниж цоцазухъ ралагьана. Ясал, хIинкъун, нахъегIанцин къана. ЦохIо Айзанатица, щибго хIал хисичIого, абуна:

– ХIинкъуге. У, ниж релълъарал руго, дун цIакъ релълъарай йиго ункъачуда!

– ЦIарги дур буго гьаниб хъван! – илан абуна классцояв Давудица.

– БитIараб буго, цIарги нижер цо буго. КIудадаца лъун буго дида цIар, бералги кIиязулго, гIурччинал жавгьарал гIадинал, релълъарал ругилан. Лъалищ. Мурад… ДахIабабаца бицана дир ункъачуе дур гIагарав чи цIакъ вокьулаанилан. МухIамад. Рагъдаса вуссун гIемер заман балалде хун вуго гьев. Гьейги гIемераб заманаялъ хутIун гьечIо. Гьеб рокьуца гIумруялдаго тIасан хIучч цIанила ункъачулилан абулаан кIодоца. …

Айзанатица бицана, гьитIинаб мехалдасаго нахъе ункъгIалалъул рокьи ккун букIун бугила МухIамадихъ. Гьезда киназго бахIаравги бахIарайгийилан абулеб букIун буго. Гьев рагъде индалги, гьей ялагьун чIун йикIун йиго. Вуссиндалги гьев кинго вачIун гьечIо гьей абизе… Гьедин росасеги ун гьечIо…

«КIиго гIумру, – йилан пикру гьабуна дица, – кIиго гIумру гIадада хвезабун буго фашизмалъ. У, гьей Айзанатие кьезе букIун батула имгIалас доб квацIи…» Дида лъалеб букIинчIо кин гьеб макьилъ бихьаралъул гьай дихъ ялалагьарай берцинал беразул ясалъе бицинебали. Дун цIакъ хIинкъун вукIана дидаго релъилилан, амма вуцIцIун чIезеги дида кIвечIо. Ва гIедегIун, лъицаго гьоркьоб рагIи лъелаpедухъ, хехго бицана чемоданалъулги, макьилъ рагIараб гьаркьилги, квацIиялъулги, гьеб дир квервзукь хъурун иналъулги.

Айзанат, цо рагIи абичIого, дихъ гIенеккун чIана. Квачалей йигей гIадин, юкIкIунцин йикIана. Хадуб абуна:

«Вилълъа! Вилълъа тIогьол квацIи бакIаризе! Нилъеца кьела, дуца кьела эб дир ункъачуе, рагIулеб бугищ»?! МухIамадихъа бажарун гьечIо… Нилъеца кьела…

Берцинал ихдалил тIугьдузул квацIи бегун букIана долъул хабада. ГIумруялъго ялагьун чIаниги бачIинчIеб, щвечIеб.

Кубачиялда тIад хъубухъун лъун букIана накIкI. Ниж кIиялго сихIтун рахъун чIун рукIана ва кIиязулго бадисан чваххулеб букIана магIу…

*Фатима Куцулова*

Реклама


ВЕДЁТСЯ НАБОР
в группы по художественной гимнастике
возраст от 3-х лет
Общая физическая подготовка
Спортивная подготовка
Выполнение разрядов
Тренеры – мастера спорта России
г. Махачкала, Каспийск
тел. 8 (967) 404-02-70



Халимат
Магадова

# Профессия – это судьба...

***Бытует мнение, что, выбирая профессию, человек выбирает свою судьбу. Так считает и наша героиня Халимат Магадова, в семье которой романтика профессии стала частью биографии.***

И в самом деле, отец, Рамазан Шабанович, всю жизнь проработал в системе МВД, он профессиональный адвокат. Супруга, Айшат Валигаджиевна, много лет отдала судебной системе, будучи судьей Каспийского горсуда, Верховного суда республики.

– Так или иначе каждый из членов семьи – а нас, детей, четверо – мечтал о карьере юриста, – рассказывает наша героиня. – Еще учась на юрфаке ДГУ, я имела представление о нотариате. Но интерес пришел позже. Что меня заинтересовало? Наверное, то, что роль человеческого фактора является в этой профессии первостепенной. Другая сторона имеет прямое отношение к доверию людей. Даже став опытным нотариусом, специалист продолжает учиться, повышая квалификацию, вдумываясь в смысл новаций, применяемых в практике.

Халимат рассказывает, что после окончания вуза прошла стажировку у частнопрактикующего нотариуса и со временем получила лицензию на право заниматься нотариальной деятельностью.

– Я благодарна каждому, кто принимал участие в моём становлении, кто помогал профессиональными советами, был для меня примером и мотиватором. Нотариус, – делится Халимат Рамазановна, – это ведь, скорее, не должность, а состояние души, и ты должен обладать вместе с профессионализмом ещё и коммуникабельностью, честностью, человечностью. Ежедневно сталкиваясь с конкретными вопросами конкретных людей, решая их в правовом поле, осознаешь, что ты должен оставаться человеком.

### *«Телепортация» цифровых технологий*

За печатью нотариуса на каждом документе кроется многолетняя практика, считает Халимат, ответственность за совершенные действия, за которые он несет уголовную и даже материальную ответственность. И здесь важно держать руку на пульсе новых законов и изменений в существующих.

– При этом каждый из нас, нотариусов, – замечает Халимат Рамазановна, – отвечает за свои действия, контролируют которые региональные нотариальные палаты, федеральная нотариальная палата и Минюст РФ.

Она отмечает, что работа нотариата сегодня значительно отличается от прежней бумажной работы тем, что здесь активно используются цифро-

вые технологии, существует своя информационная система, где хранятся данные о совершенных действиях, доступные реестры доверенностей, уведомления о налогах на движимое имущество, наследственные дела. Существует даже своя «телепортация» – передача документа с сохранением его юридической силы. То есть человек может просто прийти к ближайшему нотариусу, который оформит необходимый документ в цифровом формате, направит по месту требования, превращая электронную версию в бумажную, тем самым подтверждая их равнозначность.

– Люди не всегда могут понять, что закон нарушать нельзя. И здесь важно держаться спокойно, с достоинством, не давая личностных оценок, а предоставляя возможность самому клиенту разобраться, прийти и извиниться перед нотариусом, который является посредником между законом и человеком, соблюдая законодательные нормы. Для многих ведь закон представляется лазейкой, в которую нужно пролезть любой ценой. И нотариус должен учитывать мельчайшие детали, когда речь идет, например, о недееспособных, тех, кого родственники пытаются использовать в корыстных целях.

Услуги нотариуса – это повседневность, и это не только наиболее часто встречающиеся в практике разделы имущества, наследственные дела, но и практические бытовые услуги, связанные с засвидетельствованием подлинности подписей или верности копии документа.

### *«Антиотмывочные» новеллы*

Нотариус отмечает, что значительный блок новелл коснулся так называемого антиотмывочного законодательства, предлагающего нотариату дополнительные механизмы для пресечения подозрительных операций граждан по отмыванию незаконных доходов, сделок. И в этом случае федеральным законом № 222-ФЗ за нотариусом закрепляется право отказать в совершении нотариального действия, если есть обоснованные подозрения, что операция будет использована для легализации преступных схем или финансирования терроризма.

– Речь идет о действиях, связанных с совершением финансовых операций, то есть с исполнительной надписью, принятием денег в депозит нотариуса, о решениях об увеличении уставного капитала ООО и других. В этом случае каждый документированный отказ в нотариальном действии будет фиксироваться, а сведения о нем – передаваться в Росфинмониторинг в течение трех дней. Я рассказываю о новациях, чтобы каждый понимал, что время легких денег прошло – государство затягивает гайки, чтобы остановить масштабную коррупцию, проникшую во все сферы экономики. Госдума приняла во втором и третьем чтениях закон, устанавливающий обязательную нотариальную форму для тех же договоров дарения недвижимости между гражданами, в мошеннических схемах которых между сторонами зачастую выступают близкие родственники.

Она называет несколько случаев, когда, к примеру, пожилой человек оказался на улице, купившись на обещания заботиться и помогать материально в обмен на жилье. Также распространены случаи прямого обмана, когда пожилому человеку под видом договора купли-продажи подсовывают на подпись договор дарения. При этом зачастую имущественные интересы собственника жилья нарушают, опять-таки, близкие родственники.

Более того, доверие к супругу, сыну или внучке делает дарителя еще более уязвимым и менее осторожным. Именно поэтому обязательную нотариальную форму для договоров дарения жилья важно распространять и на случаи, когда сделка происходит внутри семьи.

Нотариус с большим стажем, Халимат Рамазановна напоминает, что доказать недействительность сделки, когда она заключалась в простой письменной форме, крайне затруднительно. Судебные тяжбы могут длиться годами, а издержки с учетом актуальных судебных госпошлин могут оказаться неподъемными, особенно если истцом выступает пенсионер.

### *Не допустить непоправимого...*

– Участие нотариуса, – замечает Халимат Рамазановна, – не позволит ввести собственника в заблуждение и незаконно отобрать его жилье. Я обязательно разъясняю сторонам суть и последствия подписания каждого документа, уточняю реальную волю сторон, чтобы исключить риски подписания сделки под давлением или в неадекватном состоянии. Что важно – каждый нотариус несет полную имущественную ответственность за удостоверенную им сделку. И при подозрении на аферу должен отказаться от совершения нотариального действия.

На вопрос, из чего складывается стоимость оформления сделок, подлежащих обязательному нотариальному удостоверению, нотариус объясняет, что сумма складывается из федерального и регионального тарифов. Первый рассчитывается как 0,5 % от суммы сделки и не может превышать двадцать тысяч рублей. А региональный тариф зависит от субъекта РФ, где проводится сделка.

Суждения Халимат Рамазановны можно отнести к личностной позиции неравнодушного человека. Она и в семье такая.

– У нас с супругом двое детей, – говорит она, – каждый из которых должен знать, что необходимо творить добро, быть неравнодушным человеком, из него обязательно должен получиться гражданин своей страны.

И для нее это не высокие слова.

### *Так семья или работа?*

Спрашиваем, что у Халимат Рамазановны на первом месте – семья или работа. Она задумывается:

– Нельзя противопоставлять одно другому. Семья, близкие всегда для женщины остаются на первом месте. Но и профессиональное предназначение не менее важно. Так или иначе, при рассмотрении очередного дела невольно переключаешь ситуацию на свою семью, друзей, близких. И знаете, это помогает оставаться человеком, для которого нет ничего важнее, чем нести добро людям....

*Айшат Тажудинова*

Нателла
Магдиева



# Детские стоматологи – немного актёры и психологи

***Клиника «Алиса-дент» больше похожа на престижный детский сад: множество игрушек, на стенах – сюжетные рисунки к сказке «Алиса в стране чудес».***

***По словам главврача детской стоматологии и соучредителя клиники, врача со стажем работы около двух десятков лет, врача высшей категории Нателлы Богдановны Магдиевой, здесь детей учат не бояться стоматологов, а дружить с ними. Хрупкая и нежная, утонченная и элегантная даже в медицинской униформе и ярко-красном, в цветочек, колпаке, она рассказала о своей любимой работе и немного о себе.***

За плечами Нателлы Магдиевой – колоссальный опыт; доктор знает, как найти подход к любому ребенку. Она лечит зубы даже совсем крошечным пациентам, пока те крепко спят. Специалист-стоматолог, терапевт-хирург, она раскрыла секреты успеха их клиники. Оказывается, это особое отношение к детям. Нателла Богдановна развеяла мифы и страхи про общий наркоз и седацию, детский кариес и лечение молочных зубов.

О своей работе говорит увлеченно, ведь она потомственный стоматолог, и перед ней не стоял вопрос выбора профессии. Ее отец, Богдан Гаджиев, после окончания ДГМИ по распределению попал в Таджикистан. Там и родились Нателла и две ее сестры. В годы перестройки их семья вернулась в Дагестан. Окончив школу в Буйнакске, Нателла Магдиева поступила в ДГМУ. В 19 лет вышла замуж. Со студенческих лет стала вести практику в частной клинике, а в 2015 году прошла специализацию по детской стоматологии. Долгое время работала в государственной стоматологии и вела параллельно частную практику. Удивительно, что учеба и работа не помешали ей стать прекрасной матерью четверых детей, из которых пока только старшая дочь пошла по стопам матери; сын выбрал профессию юриста, а двое старшеклассников – сын и дочь – пока еще не определились с профессией.

За годы работы Нателла Богдановна серьезно заявила о себе как о высококлассном специалисте. Она практикует не только как детский, но и как взрослый стоматолог и, кроме того, является владельцем своей собственной лаборатории по сдаче и приему медицинских анализов, обследованию сердца – для удобства пациентов прямо в этой же клинике. По ее убеждению, прежде чем начать медицинское вмешательство в организм ребенка или взрослого, нужно тщательно обследовать пациента во избежание осложнений. Ведь главная заповедь врача: не навреди!

– К любому медицинскому вмешательству должны быть четкие показания. Перед тем как ввести ребенка в наркоз, делаются все необходимые анализы. В процессе подготовки пациент проходит скрининг, врачи собирают анамнез, определяют факторы риска. При выявлении каких-либо нарушений состояния здоровья, например, воспалительного процесса, ОРЗ или ОРВИ, мы отказываем в процедуре и отправляем пациента к педиатру долечиваться. Если всё хорошо, назначаем дату лечения. К особенным детям с инвалидностью у нас ещё более трепетное отношение, – рассказывает собеседница.

Нателла Магдиева не только хороший врач, но и хороший руководитель, она отзывчивая и справедливая, готовая всегда поддержать; и замотивирует, и даст веру, и научит. Жена, мать, руководитель и предприниматель, она умело сочетает в себе все эти важные качества. А еще, родившись в Таджикистане, она большой патриот своей малой этнической родины. Корни Нателлы идут из села Куркли Лакского района, где часто проводит время вся семья.

Главврач клиники сама лечит маленьких пациентов под наркозом, занимается удалением зубов, делает пластику уздечки, выполняет маленькие хирургические операции. На протяжении 18 лет к ней приходят пациенты с различными заболеваниями ротовой полости.

***– Расскажите о главных принципах работы вашей команды.***

– Для нас дети – это святое! Принимая на работу специалистов, мы говорим: вы должны к каждому маленькому пациенту относиться так, как хотели бы, чтобы относились к вашему ребенку. Представьте, что в кресле сидит не просто ребенок, а ваша дочь или сын.




В нашем коллективе работают лучшие терапевты, хирурги, ортодонты, анестезиологи-реаниматологи.

***– Лечение детей под общим наркозом всегда вызывает много вопросов. В каких случаях необходима такая мера?***

– Существуют прямые показания к применению общего наркоза. Первое и самое главное – возраст ребенка от 0 до 3 лет. Пока ребенок не говорит, доктор не может наладить с ним вербальную связь, которая необходима для эффективного и комфортного лечения. Второе показание – стоматофобия. Третье показание к общему наркозу – особые дети с диагнозом, из-за которого они не могут лечиться в условиях добровольного приема. Сюда же можно отнести детей-аллергиков, которым противопоказана анестезия.

Наркоз позволяет за один прием вылечить сразу несколько зубов, сэкономить время и нервы. Это, кстати, актуально и для иногородних пациентов. Они приезжают к нам после онлайн-консультации.

***– Какой вид наркоза применяют в «Алиса-дент»?***

– Для лечения под наркозом в нашей клинике применяется газ «Севоран». В правильных руках процедура абсолютно безопасна для ребенка. Севоран не влияет на когнитивную сферу и память. По способу воздействия на организм такой наркоз можно сравнить с дополнительной порцией сна.

***– Как Вам удается уговаривать малышей лечить зубы, сделать укол?***

– В медуниверситете стоматологов не учат находить общий язык с детьми, этот навык приходит с практикой. Работать с детьми намного сложнее, хотя боятся даже взрослые. В детской стоматологии приходится балансировать и подбирать тактику поведения, которая подойдет конкретно этому ребенку. Доктор должен быть наполовину аниматором или актером, наполовину психологом. Мы часто собираемся с коллегами и отрабатываем техники коммуникации с детьми разного возраста. Доктора у нас разные, у каждого своя специфика общения с ребенком. Есть дети, которым нужно давать четкие указания – им подойдет доктор-учитель.



Тем, кто откликается на ласку, нужен доктор-мама. Игривым натурам будет комфортно с доктором-артистом. Мы стараемся, чтобы было комфортно не только нашим маленьким пациентам, но и их родителям.

***– В каком возрасте нужно показывать ребенка стоматологу?***

– Сегодня ВОЗ рекомендует привести ребенка к стоматологу, когда у него прорезывается первый зуб. Это необходимо, чтобы определить дальнейшие навыки ухода за полостью рта.

***– Многие считают, что лечить молочные зубы необязательно, они ведь всё равно выпадут.***

– Некоторые родители, зная, что зубы у ребенка временные, отказываются от необходимого лечения. Но проходит время: зуб, который беспокоил малыша, воспаляется, и его приходится удалять – сам по себе он, к удивлению мамы и папы, не выпадает. Потом на приеме у стоматолога оказывается, что нужно ставить сохранитель места, чтобы зубы не сдвинулись, и что этот зуб поменяется только в 12 лет. Не лечить молочные зубы нельзя. В этом возрасте твердые ткани не минерализированы и зубы склонны к быстрому разрушению. Если кариес не лечили в детстве, то он постепенно переходит в подростковый, и тогда поражаются уже не молочные, а постоянные зубы. Часто это происходит из-за недостаточной гигиены полости. Зубы должным образом не очищаются, они постоянно находятся в высокоуглеводной среде. Соответственно, когда появляется небольшое поражение на эмали, оно очень быстро распространяется по поверхности зуба. Согласно исследованиям, сегодня около 30 % детей в возрасте от 0 до 3 лет имеют проблемы с зубами. То есть уже можно говорить об эпидемии кариеса детей младшего возраста.

***– Безопасность здесь превыше всего. Какие знания, технологии, оборудование вам в этом помогают?***

– Мы работаем только по стандартным мировым протоколам.

На самом деле можно открыть самую большую клинику, оснастить ее самым дорогим оборудованием, выучить все современные протоколы. Но если во всём этом нет души, ничего не получится.

Нам удалось собрать команду высококлассных специалистов и единомышленников, у них горят глаза, они влюблены в свою работу. И мы все объединены одной целью – сделать жизнь наших пациентов здоровой и счастливой.

***Виолетта Ратенкова***




*Мушаилов М. Х. (1941–2007). День Победы – встреча с ветеранами республики (1985). Холст, масло.*

ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**